3. При наличии оснований Парламент Республики Северная Осетия—Алания может отрешить Президента Республики Северная Осетия—Алания от должности большинством, не менее двух третей голосов от общего числа депутатов Парламента Республики Северная Осетия—Алания.

4. Решение Парламента об отрешении Президента от должности должно быть принято не позднее, чем в трехмесячный срок после выдвижения обвинения против Президента Республики Северная Осетия—Алания. Если в этот срок решение не будет принято, обвинение против Президента считается отклоненным.

Глава 6. Правительство Республики Северная Осетия—Алания

Статья 88. 1. Правительство Республики Северная Осетия—Алания состоит из Председателя Правительства Республики Северная Осетия—Алания, заместителей Председателя Правительства Республики Северная Осетия—Алания, министров и других должностных лиц.

2. Председатель Правительства Республики Северная Осетия—Алания назначается и освобождается от должности Президентом Республики Северная Осетия—Алания с согласия Парламента Республики Северная Осетия—Алания.

3. Председатель Правительства Республики Северная Осетия—Алания предлагает Президенту Республики Северная Осетия—Алания структуру и персональный состав Правительства Республики Северная Осетия—Алания.

Статья 89. Председатель Правительства Республики Северная Осетия—Алания в соответствии с Конституцией и законами Республики Северная Осетия—Алания, указами Президента Республики Северная Осетия—Алания определяет основные направления деятельности Правительства Республики Северная Осетия—Алания и организует его работу.

Статья 90. 1. Правительство Республики Северная Осетия—Алания:

а) разрабатывает республиканский бюджет Республики Северная Осетия—Алания, представляет его на утверждение Парламенту Республики Северная Осетия—Алания, обеспечивает его исполнение и представляет ежегодный отчет об исполнении бюджета;

б) обеспечивает проведение в Республике Северная Осетия—Алания единой государственной политики в области экономики, культуры, науки, образования, здравоохранения, социального обеспечения, экологии;

в) осуществляет управление республиканской собственностью;

г) осуществляет меры по обеспечению законности, прав и свобод граждан, охране собственности и общественного порядка, борьбе с преступностью;

д) осуществляет руководство нижестоящими органами исполнительной власти;

е) осуществляет иные полномочия, предусмотренные Конституцией и законами Республики Северная Осетия—Алания.

2. Порядок деятельности Правительства Республики Северная Осетия—Алания определяется республиканским конституционным законом.

Статья 91. 1. На основании и во исполнение Конституции Республики Северная Осетия—Алания, законов, нормативных Указов Президента Республики Северная Осетия—Алания Правительство Республики Северная Осетия—Алания издает постановления и распоряжения, обеспечивает их исполнение.

2. Постановления и распоряжения Правительства Республики Северная Осетия—Алания обязательны к исполнению в Республике Северная Осетия—Алания.

Статья 92. Перед вновь избранным Президентом Республики Северная Осетия—Алания Правительство Республики Северная Осетия—Алания слагает свои полномочия.

Статья 93. 1. Правительство Республики Северная Осетия—Алания может подать в отставку, которая принимается или отклоняется Президентом Республики Северная Осетия—Алания.

2. Парламент Республики Северная Осетия—Алания может выразить недоверие Правительству Республики Северная Осетия—Алания. Постановление о недоверии Правительству Республики Северная Осетия—Алания принимается большинством голосов от общего числа депутатов Парламента Республики Северная Осетия—Алания. После выражения Парламентом недоверия Правительству Республики Северная Осетия—Алания Президент Республики Северная Осетия—Алания вправе объявить об отставке Правительства Республики Северная Осетия—Алания, либо не согласиться с решением Парламента. В случае, если Парламент Республики Северная Осетия—Алания в течение трех месяцев повторно выразит недоверие Правительству Республики Северная Осетия—Алания, Президент Республики Северная Осетия—Алания объявляет об отставке Правительства Республики Северная Осетия—Алания.

3. В случае отставки или сложения полномочий Правительство Республики Северная Осетия по поручению Президента Республики Северная Осетия—Алания продолжает действовать до формирования нового Правительства.

Глава 7. Комитет конституционного надзора Республики Северная Осетия—Алания

Статья 94. 1. Комитет конституционного надзора Республики Северная Осетия—Алания является органом конституционного контроля в Республике Северная Осетия—Алания.

2. Комитет конституционного надзора Республики Северная Осетия—Алания формируется Парламентом Республики Северная Осетия—Алания по представлению Президента Республики Северная Осетия—Алания сроком на десять лет в составе Председателя, заместителя Председателя и трех членов Комитета.

3. Лица, входящие в состав Комитета конституционного надзора Республики Северная Осетия—Алания, не могут находить-

ся в составе органов, акты которых поднадзорны Комитету, заниматься другой оплачиваемой деятельностью, кроме преподавательской, научной и иной творческой деятельности.

4. Лица, входящие в состав Комитета конституционного надзора, в своей деятельности независимы и подчиняются только Конституции Республики Северная Осетия—Алания.

Статья 95. 1. Комитет конституционного надзора Республики Северная Осетия—Алания по запросам Парламента Республики Северная Осетия—Алания, Президента Республики Северная Осетия—Алания, Правительства Республики Северная Осетия—Алания и в других случаях, предусмотренных законом, принимает заключения и решения о соответствии Конституции Республики Северная Осетия—Алания:

законов Республики Северная Осетия—Алания, постановлений Парламента Республики Северная Осетия—Алания, указов и распоряжений Президента Республики Северная Осетия—Алания, носящих нормативный характер;

постановлений и распоряжений Правительства Республики Северная Осетия—Алания, носящих нормативный характер;

актов министерств, государственных комитетов, других органов государственной власти и общественных объединений, носящих нормативный характер, в том числе нормативных правовых актов федеральных министерств и ведомств по вопросам ведения Республики Северная Осетия—Алания;

актов местного самоуправления, носящих нормативный характер;

не вступивших в силу договоров Республики Северная Осетия—Алания.

2. Заключение Комитета конституционного надзора Республики Северная Осетия—Алания о несоответствии Конституции Республики Северная Осетия—Алания законов и других нормативных правовых актов, принятых Парламентом Республики Северная Осетия—Алания, указов и распоряжений Президента Республики Северная Осетия—Алания направляется соответственно Парламенту Республики Северная Осетия—Алания и Президенту Республики Северная Осетия—Алания для устранения допущенных нарушений.

3. Принятие Комитетом конституционного надзора Республики Северная Осетия—Алания заключения о несоответствии Конституции Республики Северная Осетия—Алания актов Правительства Республики Северная Осетия—Алания, министерств, государственных комитетов, других органов государственной власти и общественных объединений влечет утрату силы этого акта или его отдельных положений.

Статья 96. Заключения Комитета конституционного надзора Республики Северная Осетия—Алания, принятые в пределах его компетенции, обязательны на всей территории Республики Северная Осетия—Алания.

Статья 97. Организация и порядок деятельности Комитета конституционного надзора Республики Северная Осетия—Алания определяются конституционным законом.

Глава 8. Судебная власть

Статья 98. 1. Правосудие в Республике Северная Осетия—Алания осуществляется только судом.

2. Судебная власть осуществляется посредством арбитражного, гражданского, административного и уголовного судопроизводства.

3. Вопросы судоустройства и судопроизводства в Республике Северная Осетия—Алания регламентируются Конституцией Российской Федерации, Конституцией Республики Северная Осетия—Алания, федеральными и республиканскими законами.

4. Создание чрезвычайных судов не допускается.

Статья 99. Судьями могут быть граждане Республики Северная Осетия—Алания, достигшие 25 лет, имеющие высшее юридическое образование и стаж работы по юридической профессии не менее 5 лет. Законом могут быть установлены дополнительные требования к судьям.

Статья 100. 1. Судьи при отправлении правосудия независимы и подчиняются только закону.

2. Судьи несменяемы. Полномочия судьи могут быть прекращены или приостановлены не иначе как в порядке, установленном законом.

3. Судьи неприкосновенны. Судья не может быть привлечен к уголовной ответственности иначе как в порядке и по основаниям, установленным федеральным законом.

Статья 101. 1. Разбирательство во всех судах открытое. Слушание дела в закрытом заседании допускается в случаях, предусмотренных законом.

2. Заочное разбирательство уголовных дел в судах не допускается, кроме случаев, предусмотренных законом.

3. Судопроизводство осуществляется на основе состязательности и равноправия сторон.

4. В случаях, предусмотренных законом, судопроизводство осуществляется с участием присяжных заседателей.

Статья 102. Верховный Суд Республики Северная Осетия—Алания является высшим судебным органом по гражданским, уголовным, административным и иным делам, подсудным судам общей юрисдикции, осуществляет в предусмотренных федеральным законом процессуальных формах надзор за судебной деятельностью районных (городских) и иных судов Республики Северная Осетия—Алания.

Статья 103. Арбитражный Суд Республики Северная Осетия—Алания является судебным органом по разрешению экономических споров и иных дел, подсудных арбитражным судам.

Статья 104. Судьи судов Республики Северная Осетия—Алания назначаются Парламентом Республики Северная Осетия—Алания по представлению Президента Республики Северная Осетия—Алания.

Глава 9. Прокуратура Республики Северная Осетия—Алания

Статья 105. Надзор за исполнением действующих на территории Республики Северная Осетия—Алания законов, осуществляется Прокуратурой Республики Северная Осетия—Алания, входящей в единую систему органов прокуратуры Российской Федерации.

Статья 106. 1. Прокурор Республики Северная Осетия—Алания назначается на должность сроком на 5 лет и освобождается от должности Генеральным прокурором Российской Федерации с согласия Парламента Республики Северная Осетия—Алания.

2. Нижестоящие прокуроры назначаются сроком на 5 лет Генеральным прокурором Российской Федерации, подчинены и подотчетны ему и Прокурору Республики Северная Осетия—Алания.

Статья 107. Органы прокуратуры Республики Северная Осетия—Алания осуществляют свои полномочия независимо от каких бы то ни было местных органов, на основании федеральных законов.

Глава 10. Местное самоуправление

Статья 108. 1. Местное самоуправление в Республике Северная Осетия—Алания обеспечивает самостоятельное решение населением вопросов местного значения, владение, пользование и распоряжение муниципальной собственностью.

2. Местное самоуправление осуществляется гражданами путем референдума, выборов, других форм прямого волеизъявления, через выборные и другие органы местного самоуправления.

Статья 109. Местное самоуправление осуществляется в городских, сельских поселениях и на других территориях с учетом исторических и иных местных традиций.

Статья 110. 1. Органы местного самоуправления самостоятельно управляют муниципальной собственностью, формируют, утверждают и исполняют местный бюджет, устанавливают местные налоги и сборы, осуществляют охрану общественного порядка, а также решают иные вопросы местного значения.

2. Органы местного самоуправления могут наделяться законом отдельными государственными полномочиями с передачей необходимых для их осуществления материальных и финансовых средств. Реализация переданных полномочий подконтрольна государству.

Статья 111. Местное самоуправление в Республике Северная Осетия—Алания гарантируется правом на судебную защиту, на компенсацию дополнительных расходов, возникших в результате решений, принятых органами государственной власти, запретом на ограничение прав местного самоуправления, установленных Конституцией Республики Северная Осетия—Алания и республиканскими законами.

РАЗДЕЛ ВТОРОЙ

Заключительные и переходные положения

1. Конституция Республики Северная Осетия— вступает в силу со дня официального опубликования. Одновременно прекращается действие Конституции (Основного закона) Республики Северная Осетия, принятой 30 мая 1978 года, с последующими изменениями и дополнениями.

2. Законы и другие правовые акты Республики Северная Осетия, действовавшие на территории Республики Северная Осетия—Алания до вступления в силу настоящей Конституции, применяются в части, не противоречащей Конституции Республики Северная Осетия—Алания.

3. Президент Республики Северная Осетия—Алания со дня вступления в силу настоящей Конституции осуществляет установленные ею полномочия до истечения срока, на который он был избран.

4. До начала работы Парламента Республики Северная Осетия—Алания Верховный Совет Республики Северная Осетия—Алания осуществляет полномочия Парламента Республики Северная Осетия—Алания.

5. Комитет конституционного надзора со дня вступления в силу настоящей Конституции осуществляет установленные ею полномочия до истечения срока, на который он избран.

6. Правительство Республики Северная Осетия—Алания со дня вступления в силу настоящей Конституции приобретает права, обязанности и ответственность, установленные Конституцией Республики Северная Осетия—Алания.

7. После вступления в силу Конституции Республики Северная Осетия—Алания судьи всех судов Республики Северная Осетия сохраняют свои полномочия до истечения срока, на который они были избраны.

Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы КОНСТИТУЦИ

СФИДАР ÆЙ КОДТА
РЕСПУБЛИКÆ ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ
СÆЙРАГ СОВЕТ
1994 азы 12 ноябры

г. ДЗÆУДЖЫХЪÆУ
1994 АЗЫ НОЯБРЬ

3 Зак. 1253.

Республикæ Цæгат Ирыстоны Сæйраг Советы

ДЕКЛАРАЦИ

Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституци сфидар æмæ фехъусын кæныны тыххæй

Республикæ Цæгат Ирыстоны Сæйраг Совет, Республикæ Цæгат Ирыстоны адæмы номæй архайгæйæ, фидар кæны Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституци æмæ хъусын кæны, 1994 азы 7 декабрæй йæ тыхы кæй бацыд, уый тыххæй.

Республикæ Цæгат Ирыстоны Сæйраг Советы Сæрдар **БИРÆГЪТЫ Ю.**

РЕСПУБЛИКÆ ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ—АЛАНИЙЫ КОНСТИТУЦИ

Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы бирæнацион адæм, адæймаджы бартæ æмæ сæрибарадтæ, граждайнаг сабырдзинад æмæ фарн фидар кæнгæйæ,

адæмты æмбарад æмæ хæдбарады æппæтæн нымад уагæвæрдтæ хынцгæйæ,

республикæйы паддзахадон хæдбарады тыххæй Декларации æмæ Федеративон Бадзырдмæ гæсгæ архайгæйæ,

республикæйы алцæмæй æххæст цард æмæ тыхджын рæзт къухы бафтын кæнынмæ тырнгæйæ,

фæлтæрты историон бастдзинад нæ халгæйæ,

абоны æмæ фидæны раз бæрнондзинад нымайгæйæ,

Уæрæсейы Конституцийы принциптыл æмæ уагæвæрдтыл иузæрдион сты, уый ногæй æвдисгæйæ,

сидынц æмæ æвæрынц ацы КОНСТИТУЦИ.

ФЫЦЦАГ ХАЙ

1 сæргонд. Конституцион цардарæзты бындуртæ

Статья 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Алани у демократон барадон паддзахад, уый æвдисы йæ бирæнацион адæмы фæнд æмæ интерестæ.

Статья 2. Адæймаг, йæ бартæ æмæ сæрибарадтæ сты тæккæ стырдæр хæзна. Адæймаг æмæ гражданины бартæ æмæ сæрибарадтæ нымайын, нæ халын æмæ хъахъхъæнын у Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы æппæтæй уæлдæр хæс.

Статья 3. 1. Хæдбардзинад хæссæг æмæ хицаудзинады иунæг гуырæн Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы сты йæ адæм.

2. Адæм хицауиуæг кæнынц комкоммæ, стæй паддзахадон хицаудзинады оргæнты æмæ бынæттон хиуынаффæйады оргæнты фæрцы.

3. Адæмы хицаудзинады комкоммæйы уæлдæр æвдисæн сты æппæтадæмон хъæлæс æмæ сæрибар æвзæрстытæ. Æппæтадæмон хъæлæсæй цы уынаффæ хаст æрцæуа, уымæн аивæн ис æрмæстдæр уыйфæстæйы æппæтадæмон хъæлæсæй. Æвзæрстытæ арæзт цæуынц æппæтон, æмбар æмæ комкоммæйы хъæлæсы бындурыл, сусæгæй хъæлæс кæнгæйæ.

4. Никæмæн у йæ бон Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы хицаудзинад йæхи кæныны. Хицаудзинад исын кæнæ хицауиуæгады бартæ хи кæныны æфхæрд цæуынц закъонмæ гæсгæ.

Статья 4. 1. Республикæ Цæгат Ирыстонæн—Аланийæн йæ территорийыл ис æппæт паддзахадон хицаудзинад, Уæрæсейы Федерацийы бæрны лæвард цы бартæ æрцыд, уыдонæй фæстæмæ.

Статья 5. 1. Республикæ Цæгат Ирыстонæн—Аланийæн ис йæхи граждайнад.

2. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы граждайнад лæвæрд æмæ ист цæуы республикæйы закъонмæ гæсгæ, у æмхуызон, цæмæ гæсгæ лæвæрд æрцыд, уымæ нæ кæсгæйæ.

3. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы гражданин уыцы-иу рæстæг у Уæрæсейы Федерацийы гражданин дæр.

Статья 6. Паддзахадон хицаудзинад Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы æххæстгонд цæуы закъонæвæрæг, æххæстгæнæг æмæ йæ тæрхоны хицаудзинæдтыл уарыны бындурыл. Закъонæвæрæг, æххæстгæнæг æмæ тæрхоны хицаудзинады оргæнтæ сты хæдбар.

Статья 7. Паддзахадон хицаудзинад Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы кæныны Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламент, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президент, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хицауад, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы тæрхондæттæ, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы паддзахадон хицаудзинады бынæттон оргæнтæ.

Статья 8. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы нымад æмæ зæрдæвæргæ у бынæттон хиуынаффæйад. Бынæттон хиуынаффæйад йæ бартæм гæсгæ у хæдбар.

Статья 9. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы территори у иу æмæ æнæуаргæ. Цæгат Ирыстоны территори байсынмæ арæзт архайдæн бар нæй æмæ æфхæрд цæуы закъонмæ гæсгæ.

Статья 10. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы зæххæй, йæ къахгæ хæзнатæ æмæ иннæ æрдзон фæрæзтæй, адæмы исбон уæвгæйæ, пайдагонд цæуы æмæ хъахъхъæд цæуынц, куыд йæ царды æмæ архайды бындур.

2. Зæхх æмæ иннæ æрдзон фæрæзтæн уæвæн ис паддзахадон, муниципалон, хицæн адæймæгты, коллективон исбоны æмæ исбоны æндæр хуызты, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы закъонтæ цы фæтк æмæ æууæлтæ амонынц, уыдонмæ гæсгæ.

Статья 11. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы æмхуызон нымад сты æмæ хъахъхъæд цæуынц паддзахадон, муниципалон, хицæн адæймæгты, коллективон æмæ исбоны æндæр хуызтæ.

2. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы фидар зæрдæдарæн ис ерысæн, экономикон æмæ амалхъом архайды сæрибарадæн.

Статья 12. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы нымад цæуы идеологон æмæ политикон алыхуызондзинад.

2. Иу идеологийæн дæр æвæрæн нæй æнæмæнджы кæнæ паддзахадоны хуызы.

3. Æхсæнадон иугæндтæ æмхуызон сты закъоны размæ.

4. Нæй аразæн æмæ кусæн, сæ нысантæ æмæ архайд Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы конституцион цардарæзты бындуртæ тыхы фæрцы фендæрхуызон кæнынмæ кæнæ паддзахадæн йе нæхъæндзинад фехалынмæ, æдасдзинад фæцудын кæнынмæ, йæ территорийыл гæрзифтонг иугæндтæ аразынмæ, социалон, расон, национ æмæ дины уагыл фыдæхдзинад тауынмæ арæзт кæмæн сты, ахæм æхсæнадон организацитæн.

Статья 13. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы иу дин дæр æвæрæн нæй паддзахадон кæнæ æнæмæнджы хуызы.

2. Дины иугæндтæ сты хицæн паддзахадæй æмæ æмхуызон закъоны размæ.

Статья 14. 1. Республикæйы бæрны цы фарстатæ ис, уыдоны Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцийæн ис тæккæ стырдæр юридикон тых, у комкоммæ архайæг æмæ дзы пайдагонд цæуы йæ æппæт территорийыл дæр. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы цы закъонтæ æмæ æндæр барадон акттæй пайдагонд цæуы, уыдон хъуамæ ма уой Конституцийы ныхмæ.

2. Паддзахадон хицаудзинады органтæ, бынæттон хиуынаффæйады органтæ, бынатылæуд адæймæгтæ, граждæнтæ æмæ сæ иугæндтæ, стæй Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы территорийыл уæвæг æндæр адæймæгтæ хъуамæ æххæст кæной Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституци æмæ закъонтæ.

3. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы закъонтæ хъуамæ мыхуыргонд цæуой официалон уагыл. Мыхуыргонд чи не 'рцæуа, уыцы закъонтæй пайдагонд нæ цæуы. Адæймаг æмæ

гражданины бартыл, сæрибарадтæ æмæ хæстыл чи зыны, цавæрфæнды нормативон, барадон акттæй пайдагæнæн нæй, цалынмæ æппæтæн дæр зоныны тыххæй официалон æгъдауæй мыхуыргонд æрцæуой, уæдмæ.

4. Æппæтæн дæр нымад уагæвæрдтæ æмæ дунеон барады нормæтæ, Уæрæсейы Федерацийы æмæ Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы дунеон бадзырдтæ сты Республукæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы барадон системæйы иу хай.

Статья 15. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы паддзахадон æвзæгтæ сты ирон æмæ уырыссаг.

2. Ирон æвзаг (ирон æмæ дыгурон диалекттæ) у ирон адæмы национ хиæмбарынады бындур. Ирон æвзаг хъахъхъæнын æмæ præзын кæнын сты Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы паддзахадон хицаудзинады оргæнты тæккæ ахсджиагдæр хæстæ.

3. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы территорийыл цæрæг адæмтæн ис мадæлон æвзаг бахъахъхъæныны, ахуыр æй кæнынæн æууæлтæ аразыны бар.

Статья 16. Республикæ Цæгат Ирыстон—Алани Республикæ Хуссар Ирыстонимæ йæ ахастдзинæдтæ аразы этникон, национ, историон-территорион иудзинады, социалон-экономикон æмæ культурон æмархайды бындурыл.

Статья 17. 1. Конституцийы ацы сæргонды уагæвæрдтæ сты Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы конституцион арæзты бындуртæ.

2. Ацы Конституцийы цавæрфæнды æндæр уагæвæрдтæ хъуамæ ма уой Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы конституцион цардарæзты бындурты ныхмæ.

2 сæргонд. **Адæймаджы æмæ гражданины бартæ æмæ сæрибарадтæ**

Статья 18. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы адæймаджы æмæ гражданины бартæ нымад æмæ фидарæй лæвæрд цæуынц дунеон барады, Уæрæсейы Федерацийы Конституцийы æмæ ацы Конституцимæ гæсгæ æппæтæн дæр нымад уагæвæрдтæ æмæ нормæтæм гæсгæ.

Статья 19. 1. Адæймаджы æмæ гражданины бартæ æмæ сæрибарадтæ сты комкоммæ архайæг. Уыдон амонынц закъонты мидис, æмæ дзы куыд пайда кæнын хъæуы, уый, закъонæвæрæг æмæ минæварадон хицаудзинады, бынæттон хиуынаффæйады архайд, æмæ сæ хъахъхъæны præсттæрхон.

2. Адæймаджы æмæ гражданины бартæ æмæ сæрибарадтæ æххæст кæныи хъуамæ ма хала иннæ адæймæгты бартæ æмæ сæрибарадтæ.

Статья 20. 1. Æппæт дæр æмхуызон сты закъон æмæ тæрхоны размæ.

2. Республикæ Цæгат Ирыстон—Алани фидарæй дæтты адæймаджы æмæ гражданины бартæ æмæ сæрибарадтæ, нæлгоймаг у æви сылгоймаг, уымæ, кæцы расæмæ, нацимæ, хауы, цы взагыл дзуры, йæ ныйарджытæ чи уыдысты, цы исбон æм ис æмæ, цы бынаты лæуд у, кæм цæры, динмæ йæ ахастдзинадмæ, йæ зондахастмæ, кæцы æхсæнадон иугæндтæм хауы, уыдæттæм, стæй æндæр æууæлтæм нæ кæсгæйæ. Нæй граждæнты бартæ, кæцы социалон къордмæ, расæмæ, нацимæ, æвзагмæ кæнæ динмæ хауынц, уыдæттæм гæсгæ цавæрфæнды хуызы къахыр кæныны бар.

3. Нæлгоймаг æмæ сылгоймагæн ис æмхуызон бартæ æмæ сæрибарадтæ, стæй дзы пайда кæныны æмхуызон гæнæнтæ.

Статья 21. 1. Адæмайджы цард æмæ кад хъахъхъæны паддзахад.

2. Никæмæн ис кæнæн фыдмитæ, тыхмитæ, карз кæнæ адæймаджы кад ссæндæг митæ кæнæ æфхæрæнтæ. Æнæ йæхи барвæндæй никæуыл ис медицинон, наукон æмæ æндæр фæлварæнтæ кæнæн.

Статья 22. 1. Алкæмæн дæр ис сæрибарады æмæ йын йæ цардмæ не 'вналыны бар.

2. Ахсæн, ахæстоны бакæнæн æмæ, хъахъхъæнгæйæ, ахæстоны дарæн ис æрмæстдæр тæрхондоны уынаффæмæ гæсгæ. Тæрхондоны уынаффæйы размæ никæмæн ис уромæн 48 сахатæй фылдæр æмгъуыдмæ.

Статья 23. 1. Алкæмæн дæр ис йæ цардмæ йын не 'вналыны, йæхи æмæ йæ бинонты сусæгдзинады, йæ кад æмæ хорз ном хъахъхъæныны бар.

2. Алкæмæн дæр ис фыссыны, телефонæй ныхас кæныны, посты, телеграфон æмæ æндæр хъусынгæнинæгты сусæгдзинæдтæ хъахъхъæныны бар. Уыцы бар къаддæргæнæн ис æрмæстдæр тæрхондоны уынаффæмæ гæсгæ.

Статья 24. 1. Æнæ йæхи фæндонæй нæй æмбырдгæнæн, æфснайдæй дарæн æмæ хæлиугæнæн хабæрттæн адæймагæн йæхи царды тыххæй.

2. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы паддзахадон хицаудзинады оргæнты æмæ бынæттон хиуынаффæйады оргæнты, уым бынатылæуд адæймæгты хæс у алкæмæн дæр йæ бартæ

æмæ сæрибарадтæм комкоммæ хауæг документтæ æмæ æрмæгимæ базонгæ уæвыны фадат дæттын, кæд закъон æндæр исты нæ амоны, уæд.

Статья 25. Цæрæн бынатмæ æвналæн нæй. Никæмæн ис цæрæнуæттæм цæуыны бар, чи дзы цæры, уыдоны нæ фæндгæйæ, закъон кæд амоны, уæд, кæнæ тæрхоны уынаффæмæ гæсгæйæ дарддæр.

Статья 26. 1. Алкæмæн дæр ис, кæцы нацимæ хауы, уый æвзарыны æмæ амоныны бар. Никæмæн ис тыхæй равзарын æмæ бацамонынгæнæн, кæцы нацимæ хауы, уый.

2. Алкæмæн дæр ис мадæлон æвзагæй пайда кæныны, дзурыны, хъмылады, ахуыр кæныны æмæ сфæлдыстады æвзаг сæрибарæй æвзарыны бар.

Статья 27. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы территорийыл æмбæлгæ хуызы чи ис, уыдонæй алкæмæн дæр ис иу ранæй иннæмæ сæрибарæй цæуыны, уæвыны æмæ цæрыны бынат æвзарыны бар.

2. Республикæ Цæгат Ирыстон—Алани йæ граждæнтæн фидарæй зæрдæ æвæры йе 'дде сæ хъахъхъæнын æмæ сыл арм дарынæй.

Статья 28. Алкæмæн дæр лæвæрд цæуы дин кæныны сæрибардзинад, кæцы диныл æууæнды, ууыл хæст уæвыны сæрибарад, хицæнæй кæнæ иннæтимæ кæцыфæнды диныл хæст уæвыны кæнæ иу диныл дæр хæст нæ уæвыны, дины кæнæ æндæр зондахаст сæрибарæй æвзарыны, уæвыны æмæ сæ хæлиу кæныны бар, æмæ уыдонмæ гæсгæ архайыны бар дæр нымайгæйæ.

Статья 29. 1. Алкæмæн дæр ис хъуыды æмæ ныхасы сæрибардзинад.

2. Нæй социалон, расон, национ кæнæ дины æнæуынондзинад æмæ хæрамдзинад æвзæрынгæнæг пропагандæ æмæ агитаци кæнæн. Нæй социалон, расон, национ, дины кæнæ æвзагмæ гæсгæ хи иннæтæй уæлдæр æвæрыны пропагандæйы бар.

3. Никæмæн ис тыхæй йæ хъуыдытæ æмæ зондахаст æвдисынгæнæн кæнæ сыл къух сисынгæнæн.

4. Алкæмæн дæр ис информаци закъоны амынд цавæрфæнды мадзалæй дæр агурыны, исыны, дæттыны, аразыны æмæ парахат кæныны бар. Паддзахадон сусæгдзинад цы у, уыдæтты номхыгъд амоны закъон.

5. Ис дзыллон информацийы сæрибарад. Цензурæ æвæрæн нæй.

Статья 30. 1. Алкæмæн дæр ис иугæндтæм цæуыны бар, хи пайдатæ хъахъхъæныны тыххæй профессион цæдистæ аразыны

бар дæр нымайгæйæ. Æхсæнадон иугæндтæн лæвæрд цæуы архайды сæрибарад.

2. Никæмæн нс искæцы иугондмæ тыхæй бацæуынгæнæн кæнæ дзы уæвæн.

Статья 31. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы граждæнтæн ис сабырæй, æнæ хæцæнгæрзтæй æмбырд кæныны, æмбырдтæ, митингтæ æмæ демонстрацитæ, æрцыдтытæ æмæ пикеттæ æвæрыны бар.

Статья 32. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы граждæнтæн ис, куыд комкоммæ, афтæ сæ минæвæртты фæрцы дæр паддзахадон хъуыддæгтæн уынаффæйады архайыны бар.

2. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы граждæнтæн ис паддзахадон хицаудзинады æмæ бынæттон хиуынаффæйады оргæнтæм æвзарыны æмæ æвзæрст уæвыны, стæй æппæтадæмон хъæлæсы архайыны бар.

3. Æвзарыны æмæ æвзæрст уæвыны бар нæй, тæрхондон хъуыддагхъомыл кæй нæ банымайа, уыцы, стæй, тæрхондоны уынаффæмæ гæсгæ сæрибарад ист кæм цæуы, ахæм бынæтты уæвæг граждæнтæн.

4. Республикæ Цæгат Ирыстоны — Аланийы граждæнтæн æмхуызон фадат ис паддзахадон службæмæ бацæуынæн.

5. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы граждæнтæн ис рæсттæрхоны архайыны бар.

Статья 33. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы граждæнтæн ис паддзахадон оргæнтæм æмæ бынæттон хиуынаффæйады оргæнтæм сæхицæн комкоммæ хатыны кæнæ та сæм хицæнтæй æмæ коллективон курдиæттæ æрвитыны бар.

Статья 34. 1. Алкæмæн дæр ис йæ арæхстдзинæдтæ æмæ исбонæй амалхъом кæнæ, закъон бар кæмæн дæтты, ахæм экономикон архайды пайда кæныны бар.

2. Нæй монополизацимæ кæнæ æдзæсгом ерысмæ арæзт экономикон архайды бар.

Статья 35. 1. Хи исбонады бар хъахъхъæны закъон.

2. Алкæмæн дæр ис йæхи исбон æм уæвыны, куыд хибарæй, афтæ йын æндæрадæймæгтимæ хицау уæвыны, пайда дзы æмæ йын уынаффæ кæныны бар.

3. Никæмæн ис байсæн йæ исбон тæрхондоны уынаффæмæ гæсгæ йедтæмæ. Паддзахадон хъуыддæгтæн исбонæн тыхæй байсæн ис, йæ аргъ ын рагагъоммæ æмæ æмбæрцæй фыст куы рцæуа, æрмсæтдæр уæд.

4. Бынтæ уадзыны бар лæвæрд цæуы фидарæй.

Статья 36. Граждæнтæ æмæ сæ иугæндтæн ис зæхх, йæ хъæздыгдзинæдтæ æмæ иннæ æрдзон фæрæстæ сын уæвыны, пайда дзы æмæ сын уынаффæ кæныны бар Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы закъонмæ гæсгæ.

Статья 37. 1. Алкæмæн дæр ис сæрибар фæллой кæныны, йæ арæхстдзинадæн уынаффæ кæныны, архайды хуыз æмæ дæсныйад æвзарыны бар.

2. Æнæбары фæллойæн уæвæн нæй.

3. Алкæмæн дæр ис, æдасдзинад æмæ гигиенæйы домæнты аккаг чи у, ахæм æууæлты фæллойы, фæллойы мызды кад дæлдæр ницы хуызы æвæргæйæ, æмæ фæллойæн фидынæн закъон цы тæккæ къаддæр мызд сæвæрдта, уымæй дæлдæр чи нæ уа, ахæм мызд исыны бар, стæй æгуыстдзинадæй хъахъхъæд уæвыны бар.

4. Нымады у хицæн æмæ коллективон фæллойадон быцæуты бар, сæ лыг кæныны хъуыддаджы закъоны амынд фæрæзтæй пайда кæнгæйæ, куыстурæды бар дæр нымайгæйæ.

5. Алкæмæн дæр ис фæллад уадзыны бар. Фæллойадон бадзырдмæ гæсгæ кусæгæн нысангонд цæуынц закъоны амынд кусгæ рæстæджы бæрц, фæлладуадзæн æмæ бæрæгбæттæ, фидгæ кæмæн у, ахæм æрвылазон отпуск.

Статья 38. 1. Мадæлты, фыдæлты æмæ сабиты, бинонты хъахъхъæны паддзахад.

2. Сывæллæттыл аудын, сæ хъомылад сты ныййарджыты æмхуызон бар æмæ хæс.

3. 18 азы кæуыл сæххæст, уыцы фæллойхъом цот хъуамæ аудой, куыстхъом чи нæ у, сæ уыцы ныййарджытыл.

Статья 39. 1. Алкæмæн дæр социалон æххуыс лæвæрд цæуы кармæ гæсгæ, рынчынæй, инвалид уæвгæйæ, дарæг нал уæвгæйæ, сывæллæтты хъомыладæн æмæ закъоны амынд æндæр заманты.

2. Паддзахадон пенситæ æмæ социалон æххуыс нысан кæны закъон.

3. Ахъазгонд цæуы бархи социалон фæдзæхстадæн, социалон æххуысы æмæ зæрдæлхæнæнты уæлæмхасæн хуызтæ аразынæн.

Статья 40. 1. Алкæмæн дæр ис цæрæн бынат ын уæвыны бар. Хивастæй никæмæн ис йæ цæрæн бынат байсæн.

2. Паддзахадон хицаудзинады оргæнтæ æмæ бынæттон хиуынаффæйады оргæнтæ разæнгард кæнынц цæрæн хæдзæртты арæзтад, æууæлтæ аразынц цæрæнуатæй пайда кæнынæн.

3. Цыбыркъух, цæрæнуат кæй хъæуы, закъоны амынд уыцы иннæ граждæнтæн уый лæвæрд цæуы лæвар кæнæ аслам аргъыл

цæрæн хæдзæртты паддзахадон, муниципалон æмæ æндæр фондтæй закъоны амынд нормæтæм гæсгæ.

Статья 41. 1. Алкæмæн дæр ис йе 'нæниздзинад хъахъхъæныны æмæ дæсны медицинон æххуысы бар. Æнæниздзинад хъахъхъæнынады паддзахадон æмæ муниципалон кусæндæтты медицинон æххуыс граждæнтæн конд цæуы лæвар, иу кæнæ иннæ бюджеты, фæдзæхстады фиддонтæ æмæ æндæр æфтиæгты хардзæй.

2. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы æхца уагъд цæуы адæмы æнæниздзинад хъахъхъæнынæн æмæ фидардæр кæнынæн, арæзт цæуынц æнæниздзинады паддзахадон, муниципалон, хицæн адæймæгты системæты рæзты мадзæлттæ, разæнгардгонд цæуы адæймаджы æнæниздзинад фидар кæнынæн, физикон культурæ æмæ спорты рæзтæн, экологон æмæ санитарон-эпидемиологон нывыл уавæрæн ахъазгæнæг архайд.

3. Адæмы цард æмæ æнæниздзинадæн тас кæмæй у, ахæм цаутæ æмæ æууæлтæ бынатылæуд адæймæгтæ сусæг куы кæной, уæд уый йæ фæдыл сайы бæрнондзинад закъонмæ гæсгæ.

Статья 42. Алкæмæн дæр ис нывыл алфамблай цæрыны, йæ уавæры тыххæй раст информаци исыны, йе 'нæниздзинад кæнæ исбонæн экологон барады хæлдтытæ цы зиан æрхастой, уыдон ын баххæст кæныны бар.

Статья 43. 1. Алкæмæн дæр ис ахуыр кæныны бар.

2. Алкæмæн дæр ис, стæй лæвар, скъолайы агъоммæйы, сæйраг иумæйаг, (æххæст) иумæйаг ахуырмæ æмæ астæуккаг профессион ахуырмæ бацæуæн паддзахадон æмæ муниципалон ахуырадон кусæндæтты æмæ куыстуæтты.

3. Алкæмæн дæр йæ бон у конкурсы бындурыл паддзахадон æмæ муниципалон ахуырадон кусæндоны æмæ куыстуаты лæвар уæлдæр ахуыргонддзинад райсын.

4. Сæйраг иумæйаг ахуырад у æнæмæнгхъæугæ. Ныййарджытæ кæнæ уыдоны бæсты уæвджытæ кæнынц афтæ, цæмæй сывæллæттæ райсой сæйраг иумæйаг ахуырад.

5. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы архайынц, федералонты æмрæнхъ, республикон ахуырадон стандарттæ, уыдон ахъаз кæнынц ахуырады æмæ хиахуырады алы хуызтæн.

Статья 44. 1. Алкæмæн дæр ис литературон, адиводон, наукон, техникон æмæ сфæлдыстады иннæ хуызты архайыны сæрибарад. Интеллектуалон исбон хъахъхъæны закъон.

2. Алкæмæн дæр ис культурон царды архайыны æмæ культурæйы кусæндæттæй пайда кæныны, культурон хæзнатæй пайда кæныны бар.

Статья 45. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы адæймаджы æмæ гражданины бартæ æмæ сæрибарадтæ фидарæй хъахъхъæны паддзахад.

2. Алкæмæн дæр ис, закъон кæй уадзы, æппæт уыцы мадзæлттæй йæ бартæ æмæ сæрибарадтæ хъахъхъæныны бар.

Статья 46. 1. Алкæмæн дæр йæ бартæ æмæ сæрибарадтæ фидарæй хъахъхъæны тæрхондон.

2. Паддзахадон хицаудзинады органты, бынæттон хиуынаффæйады органты, æхсæнадон иугæндты æмæ бынатылæуд адæймæгты уынаффæтыл æмæ архайдыл (кæнæ ницы архайыныл) бахъастгæнæн ис тæрхондонмæ.

3. Алкæмæн дæр йæ бон у Уæрæсейы Федерацийы дунеон бадзырдтæм гæсгæ адæймаджы бартæ æмæ сæрибарадтæ хъахъхъæныны фæдыл паддзахæдтæн иумæйаг органтæм хатын, кæд, барад хъахъхъæнынæн цы мидбæстон фæрæзтæ ис, уыдонæй се 'ппæтæй дæр пайдагонд æрцыд, уæд.

Статья 47. 1. Никæмæн ис байсæн, йæ хъуыддагмæ, закъонмæ гæсгæ йæ чи хъуамæ равзара, уыцы тæрхондон æмæ йæм уыцы тæрхонгæнæг æркæсой, уыцы бар.

2. Фыдракæндтæй аххосджынгонд чи цæуы, уымæн ис, федералон закъон кæд амоны, уæд, тæрхонгæнæг чи нæ у, ахæм адæймæгтæ тæрхоны йын йæ хъуыддаг æвзаргæйæ архайой, уый бар.

Статья 48. 1. Алкæмæн дæр лæвæрд цæуы дæсны юридикон æххуыс райсыны бар. Закъон кæд амоны, уæд юридикон æххуыс у лæвар.

2. Уræд, ахст чи рцыд, фыдракæндæй аххосджынгонд чи цæуы, уыдонæй алчидæр пайда кæны адвокаты (сæрылдзуræджы) æххуысæй, уræд, ахст куы рцыд кæнæ йæ аххосджын куы фæкодтой, уæдæй фæстæмæ.

Статья 49. 1. Фыдракæндæй зылынгонд цæуæг алы адæймаг дæр æнаххосыл нымад цæуы, цалынмæ йæ аххос закъоны амынд фæткмæ гæсгæ бæрæггонд æрцæуа æмæ тæрхондоны уынаффæмæ гæсгæ закъоны уагыл йæ тыхы бацæуа, уæдмæ.

2. Аххос кæуыл æвæрд цæуы, уымæн йæ хæс нæу, æнаххос у, ууыл æууæндын кæнын.

3. Адæймаг аххосджын у, ууыл æнæаиуварсгæнгæ гуырысхотæ сты, аххос кæуыл æвæрд цæуы, уый пайдайæн.

Статья 50. 1. Уыцы иу фыдракæнды тыххæй дыккаг хатт стæрхонгæнæн никæмæн ис.

2. Рæсттæрхон кæнгæйæ, пайдагæнæн нæй, закъон фехалгæйæ кæй райстæуыд, ахæм æвдисæнтæй.

3. Фыдракæнды тыххæй тæрхонгонд кæмæн æрцыд, уыдонæй алкæмæн дæр ис, тæрхондоны уынаффæмæ уæлдæрлæууæг тæрхондон федералон закъоны амынд фæткмæ гæсгæ æркæса, уый бар, стæй бахатыр кæнын æмæ æфхæрд фæлæмæгъдæр кæнын курыны бар.

Статья 51. 1. Йæ бон никæмæн у йæхи, йæ лæг кæнæ усы æмæ, федералон закъон кæй амоны, уыцы хæстæджыты ныхмæ æвдисæнтæ æвæрын.

2. Закъоны бон æвæрын у æвдисæндартæ дæттыны хæсæй уæгъд кæныны æндæр æфсæнттæ дæр амонын.

Статья 52. Фыдракæндтæ æмæ хицаудзинадæй фыдмитæй пайдагæнджыты митæй зиантæ кæуыл æрцыд, уыдоны бартæ хъахъхъæны закъон. Зиан кæуыл æрцыд, уыдонæн паддзахад дæтты præсттæрхонмæ бадæттыны æмæ сыл цы зиан æрцыд, уый баххæст кæныны бар.

Статья 53. Алкæмæн дæр ис, паддзахадон хицаудзинады оргæнты æмæ бынатылæуд адæймæгты æнæзакъон архайдæй (кæнæ ницы архайынæй) цы зиан æрхаста, уый йын паддзахад бафида, уый бар.

Статья 54. 1. Бæрнондзинад æвæрæг кæнæ уæззаудæргæнæн закъон уыйразмæйы хъуыддæгтæм нæ хауы.

2. Йе 'руадзыны сахат барады хæлдыл нымад чи нæ уыд, ахæм миты тыххæй бæрнондзинад хъуамæ макæуыл æвæрд цæуа. Фыдракæнд саразыны фæстæ уый тыххæй бæрнондзинад иуварсгонд кæнæ къаддæргонд куы 'рцæуа, уæд пайда кæнынц ног закъонæй.

Статья 55. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцийы сæйраг бартæ æмæ сæрибарадты ранымад афтæ æмбаргæ нæу, æмæ нымады не сты кæнæ фаг аргъгонд нæ цæуы адæймаг æмæ гражданины æппæтæн дæр нымад иннæ бартæ æмæ сæрибарадтæн.

2. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы хæссæн нæй, адæймаджы бартæ æмæ сæрибарадтæ чи ива, кæнæ сын фаг аргъгонд кæм нæ цæуа, ахæм закъонтæ.

3. Адæймаджы æмæ гражданины бартæ æмæ сæрибарадтæ закъонæн ис фæкъаддæргæнæн, конституцион цардарæзт, иннæ адæймæгты удварн, æнæниздзинад, закъонмæ гæсгæ æмбæлгæ пайдатæ, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы æдасдзинад бахъахъхъæнынæн цас хъæуы, æрмæстдæр уый бæрц.

Статья 56. 1. Сæрмагонд уавæры æууæлты гражданины æдасдзинад сæвæрын æмæ конституцион цардарæзт хъахъхъæ-

ныны тыххæй конституцион закъонмæ гæсгæ иуцасдæр къаддæргæнæн ис бартæ æмæ сæрибарадтæн, сæ бæрцытæ æмæ сын се 'мгъуыдтæ бацамонгæйæ.

2. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы æппæт территорийыл æмæ йæ хицæн бынæтты æвæрæн ис сæрмагонд уавæр, конституцион закъон кæй амоны, ахæм æууæлтæ уæвгæйæ æмæ ахæм уагмæ гæсгæ.

3. Къаддæргæнæн нæй Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцийы 21, 23 (1 хай), 24, 28, 34 (1 хай), 40 (1 хай), 46—54 статьяты амынд бартæ æмæ сæрибарадтæн.

Статья 57. Алкæйы хæс дæр у фидын, закъон кæй æвæры, уыцы хъалонтæ æмæ фиддонтæ. Ног хъалонтæ чи æвæры кæнæ хъалондарты уавæр æвзæрдæр чи кæны, уыцы закъонтæн фæстæмæ здахæг тых нæй.

Статья 58. 1. Алкæмæн дæр йæ хæс у историон æмæ культурон бынтæ хъахъхъæныныл аудын, истори æмæ культурæйы цыртдзæвæнтæ хъахъхъæныл.

2. Алкæмæн дæр йæ хæс у æрдз æмæ алфамблай тыгъдад хъахъхъæнын, æрдзон хъæздыгдзинæдтыл зæрдиагæй аудын.

Статья 59. 1. Фыдыбæстæ хъахъхъæнын у Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы гражданины хæс.

2. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы гражданин æфсæддон службæ кæны федералон закъонмæ гæсгæ.

3. Æфсæддон службæ кæнын йæ зондахаст кæнæ динимæ куы нæ фидауа, уæд, стæй федералон закъон кæй амоны, ахæм æндæр хæттыты Уæрæсейы Федерацийы гражданинæн ис альтернативон граждайнаг службæйæ йæ баивыны бар.

Статья 60. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы граждайнад кæмæ нæй, Уæрæсейы Федерацийы уыцы граждæнтæн, стæй фæсарæйнæгтæ æмæ, иу бæстæйы гражданин дæр чи нæ у, уыцы адæймæгтæн Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы территорийыл ис Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы граждæнты æмхуызон бартæ æмæ сыл æвæрд ис ахæм хæстæ, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституци æмæ закъонтæ куы амонынц, уæдæй фæстæмæ.

3 сæргонд. **Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы паддзахадон æмæ административон-территорион арæзт**

Статья 61. 1. Республикæ Цæгат Ирыстон—Алани у бархийæ Уæрæсейы Федерацимæ хауæг хæдбар паддзахад.

2. Республикæ Цæгат Ирыстон—Алани хæдбарæй нысан кæны республикæйы паддзахадон хицаудзинады оргæнты системæ

Уæрæсейы Федерацийы конституцион цардарæзты, паддзахадон хицаудзинады минæварадон æмæ æххæстгæнæг органты арæзты нумæйаг уагæвæрдтæ æмæ Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы закъонтæм гæсгæ.

3. Республикæ Цæгат Ирыстон—Алани у Уæрæсейы Федерацийы дунеон æмæ æддагон экономикон ахастдзинæдты, йæ иннæ хæйттимæ фидыдтыты архайæг.

Статья 62. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы æмæ Уæрæсейы Федерацийы 'хсæн ахастдзинæдтæ арæзт цæуынц Уæрæсейы Федерацийы Конституцийы, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцийы, Федералон Бадзырды, æндæр бадзырдты бындурыл.

2. Кæнинагæй кæмæ цы хауы, уый æмæ бартæ Уæрæсейы Федераци æмæ Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы паддзахадон хицаудзинады органты 'хсæн кæрæдзийæ хицæнгонд цæуынц Уæрæсейы Федерацийы Конституцимæ, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцимæ, Федеративон Бадзырдмæ, æндæр бадзырдтæм æмæ нормативон акттæм гæсгæ.

3. Уæрæсейы Федерацийы бæрны чи ис, уыцы, стæй Уæрæсейы Федерацийы æмæ Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы бæрны иумæ уæвæг фарстаты фæдыл Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы æххæстгæнæг органтæ хауынц Уæрæсейы Федерацийы æххæстгæнæг хицаудзинады системæмæ. Æххæстгæнæг хицаудзинады федералон органтимæ бафидаугæйæ Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы æххæстгæнæг хицаудзинады органты бон у сæ барты иу хай сын дæттын, стæй сын æххæстгæнæг хицаудзинады федералон органтæ цы бартæ радтой, уыдон æххæст кæнынмæ сæхимæ исын.

4. Уæрæсейы Федераци йæхимæрайст хæстæ куынæ 'ххæст кæна, уæд Уæрæсейы Федерацийы Конституци æмæ Федеративон Бадзырдмæ гæсгæ Республикæ Цæгат Ирыстонæн-Аланийæн ис иу кæнæ иннæ бартæй хæдбарæй пайда кæныны бар.

Статья 63. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы закъонтæ æмæ æндæр нормативон барадон акттæ хъуамæ ма лæууой, Уæрæсейы Федерацийы бартæм гæсгæ федералон органтæ цы закъонтæ фидар кæнынц, уыдоны ныхмæ.

2. Йæ бартæм гæсгæ Республикæ Цæгат Ирыстон—Алани цы закъонтæ рахæсса, уыдон Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы территорийы æнæмæнг æххæстгæнгæ сты паддзахадон хицаудзинады органтæн æмæ бынæттон хиуынаффæйады æппæт органтæн, бынатылæуд адæймæгтæн, граждæнтæ æмæ сæ иугæндтæн, стæй Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы территорийыл уæвæг æндæр адæймæгтæн. Федералон закъонты æмæ, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы паддзахадон хицау-

дзинады оргæнтæ цы нормативон барадон акттæ рахæссой, уыдоны 'хсæн ныхлæуддзинад куы уа, уæд сæ тыхы сты Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы нормативон барадон акттæ.

Статья 64. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы арæнтæн аивæн нæй, йæ бирæнацион адæм æппæтадæмон хъæлæсæй кæй равдисой, æнæ йæ уыцы фæндæй.

2. Республикæ Цæгат Ирыстон—Алани хæдбарæй лыг кæны административон-территорион арæзтады фарстатæ.

3. Республикæ Цæгат Ирыстон—Алани арæзт у горæт Дзæуджыхъæу æмæ районтæй: Алагиры, Æрыдоны, Дыгуры, Æрæфы, Кировы, Мæздæджы, Рахизфарсы æмæ Горæтгæрон районтæй.

4. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы сæйраг горæт у Владикавказ (Дзæуджыхъæу), йæ уагæвæрд ын æвæры республикон закъон.

Статья 65. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы паддзахадон тырыса, герб æмæ гимн, сæ хуыз æмæ дзы официалон æгъдауæй пайда кæныны уаг æвæры республикон конституцион закъон.

4 сæргонд. **Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламент**

Статья 66. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламент у Цæгат Ирыстоны—Аланийы уæлдæр минæварадон æмæ закъонæвæрæг оргæн.

Статья 67. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламент æвзæрст цæуы цыппар азы æмгъуыдмæ фынддæс æмæ æртиссæдз депутатæй.

2. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы депутатты æвзарыны фæтк æвæры республикон закъон.

Статья 68. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламенты депутатæй равзарæн ис, 21 азы кæуыл сæххæст æмæ æвзæрстыты архайыны бар кæмæн ис, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы ахæм гражданинæн.

2. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламенты депутатæн уæвæн нæй бынæттон хиуынаффæйады оргæны депутат.

3. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламенты депутатæн йæ бон кусын у профессионалон иудадзыгон бындурыл. Профессионалон иудадзыгон бындурыл чи кусы, Парламенты уыцы депутатæн уæвæн нæй паддзахадон службæйы, нæй йын, фидгæ кæмæн у, æндæр ахæм куыст кæнæн, ахуыргæнæджы, наукон æмæ сфæлдыстадон куыстæй фæстæмæ.

4. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы хицауады уæнгтæй, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламенты депутаттæй æвзæрст куы рцæуой, уæд сæ хæс у сæ сæйраг куысты сæ бартæ æрæвæрын.

5. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламенты депутат у йе 'взарджыты минæвар æмæ дзуры уыдоны сæрыл. Æвзарджыты бон у сæ депутаты кæддæриддæр ракæнын.

6. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламенты депутаты статус бæрæг кæны республикæйы закъон.

Статья 69. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламенты депутатмæ æвналæн нæй йæ барты æппæт рæстæджы дæргъы. Уымæн нæй бауромæн, æрцахсæн, баджигул æм кæнæн, фыдракæнды уæлхъус урæд куы рцæуа, уæдæй фæстæмæ, стæй йын нæй йæхи басгарæн, иннæ адæймæгты æдасдзинад бахъахъхъæныны тыххæй уый закъон куы амона, уæдæй фæстæмæ.

2. Депутатæн æрцахсæн ма уа, уыцы бар ын байсыны фарста лыг кæны Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламент Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы прокуроры бавдыстмæ гæсгæ.

Статья 70. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламент у иудадзыг архайæг оргæн.

2. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламенты фыццаг æмбырд аразы Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Центрон æвзарæн къамис æвзæрстыты фæстæ фынддæсæм бонæй фæстæдæр нæ. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президенты бон у Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламенты æмбырд уыцы æмгъуыдæй раздæр саразын.

3. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламенты фыццаг æмбырд гом кæны йæ кармæ гæсгæ зæронддæр депутат æмæ йæ æрвиты Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламенты Сæрдары равзарыны онг.

4. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламенты куыст райдайынæй фæстæмæ раздæры равзæрст Парламенты бартæ фæвæййынц.

Статья 71. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламенты бæрны сты:

а) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституци фидар кæнын, ивддзинæдтæ æмæ йæм бафтауинæгтæ хæссын;

б) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы закъонтæ хæссын æмæ, куыд æххæстгонд цæуынц, уый бæрæг кæнын;

в) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституци æмæ закъонтæ æмбарын кæнын;

г) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы республикон бюджет фидар кæнын æмæ, куыд æххæстгонд цæуа, уый бæрæг кæнын;

д) республикон хъалонтæ, иннæ æнæмæнджы фиддонтæ нысан кæнын;

е) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы административон-территорион арæзт бæлвырд кæнын;

ж) бынæттон хиуынаффæйады оргæнтæм æвзæрстытæ нысан кæнын, закъон кæд амоны, уæд;

з) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Центрон æвзарæн къамис аразын;

и) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы æппæтадæмон хъæлæс нысан кæнын республикон конституцион закъоны цы фæтк амынд ис, уымæ гæсгæ;

к) Уæрæсейы Федерацийы Федералон Æмбырды закъонæвæрæг хъæппæрис æвдисын;

л) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президенты æвзæрстытæ нысан кæнын;

м) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президенты йæ бынатæй уæгъд кæнын;

н) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламенты Сæрдары, Парламенты Сæрдары фыццаг хæдивæджы æмæ хæдивæджы æвзарын;

о) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президентæн разыйы дзуапп дæттын Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хицауады Сæрдары нысан кæныны тыххæй;

п) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы прокуроры нысан кæныны тыххæй разыйы дзуапп дæттын;

р) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцион цæстдарды комитеты сæрдары, сæрдары хæдивæджы æмæ уæнгты нысан кæнын;

с) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы тæрхондæтты тæрхонгæнджыты нысан кæнын;

т) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Национ банчы сæрдары нысан æмæ уæгъд кæнын;

у) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хицауадыл æвуæнчы фарста лыг кæнын;

ф) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хицауады архайды программæ фидар кæнын;

х) сæрмагонд уавæр сæвæрыны тыххæй Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президенты указ фидар кæнын;

ц) нумæйаг æмæ республикон дæлбар уæвæг фарстаты фæдыл хаст чи рцыд, Уæрæсейы Федерацийы Президенты уыцы указтæ, Уæрæсейы Федерацийы хицауады уынаффæтæ æмæ бар-

дзырдтæ, Уæрæсейы Федерацийы министрадты, паддзахадон комитетты æмæ ведомствоты актты архайд бауромын, кæд Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституци æмæ закъонты ныхмæ сты, уæд, цалынмæ Уæрæсейы Федерацийы Конституцион Тæрхондон уынаффæ рахæсса, уæдмæ;

ч) Конституцион цæстдарды комитеты хатдзæгмæ гæсгæ Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президенты указтæ æмæ бардзырдтæ уромын кæнæ ивын, уыдон Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцийы кæнæ закъонты ныхмæ куы уой, уæд;

ш) Уæрæсейы Федерациимæ, йæ хæйттимæ, фæсарæйнаг паддзахæдтæ æмæ дунеон организацитимæ бадзырдтæ фидар кæнын æмæ халын;

щ) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы æфсæддон иутæндтæ уа, уыил разыдзинад дæттын;

э) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцийы æмæ закъонты амынд æндæр хæстæ æххæст кæнын.

Статья 72. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламенты æмæ йæ комитетты æмбырдты сæ бон архайын у Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президентæн, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хицауады уæнгтæн, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцион цæстдарды комитеты сæрдарæн, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Сæйраг тæрхондоны сæрдарæн, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Арбитражон тæрхондоны сæрдарæн, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы прокурорæн, æндæр хуынд адæймæгтæн.

Статья 73. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламент йæ уæнгтæй æвзары Парламенты Сæрдары, Парламенты Сæрдары фыццаг хæдивæджы æмæ хæдивæджы, сусæгæй хъæлæс кæнгæйæ.

2. Парламенты Сæрдарæн, Парламенты Сæрдары фыццаг хæдивæг æмæ хæдивæгæн æмгъуыдæй раздæр суæгъдгæнæн ис сæ бынæттæй Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламенты уынаффæмæ гæсгæ.

Статья 74. Парламенты Сæрдар, Парламенты Сæрдары фыццаг хæдивæг æмæ хæдивæг сæрдариуæг кæнынц Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламенты æмбырдты, уынаффæ кæнынц йæ куысты уагæн æмæ æххæст кæнынц Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцийы æмæ закъонты амынд æндæр хæстæ.

Статья 75. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламент депутаттæй æвзары комитеттæ закъоны-проектон куыст кæныны тыххæй, Парламентмæ æркæсынмæ хаст чи æрцæудзæн,

уыцы фарстатæм рагагъоммæ æркæсыны æмæ сæ бацæттæ кæныны тыххæй, закъонтæ æмæ Парламенты æндæр акттæ куыд æххæстгонд цæуынц, ууыл контроль æвæрыны тыххæй, парламентон байхъуыстытæ аразыны тыххæй.

2. Куы бахъæуа, уæд Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламент аразы иудадзыгон æмæ рæстæгмæйы депутатон къамистæ.

Статья 76. Закъонæвæрæг хъæппæрис равдисыны бар ис Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президентæн, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хицауадæн, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламенты депутаттæн, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцион цæстдарды комитетæн, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Сæйраг тæрхондонæн, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Арбитражон тæрхондонæн, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы прокурорæн.

Статья 77. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламент фидар кæны конституцион закъонтæ, закъонтæ, уынаффæтæ æмæ æндæр акттæ.

2. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституци, срастгæнинæгтæ Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцимæ, конституцион закъонтæ фидаргондыл нымад цæуынц, æппынкъаддæр сыл Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламенты депутатты иумæйаг бæрцы дыууæ æртыццаг хайы куы схъæлæс кæной, уæд.

3. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы закъонтæ, Парламенты уынаффæтæ æмæ æндæр акттæ фидаргонд цæуынц, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламенты депутатты иумæйаг бæрцы фылдæр хай сыл куы схъæлæс кæна, уæд.

Статья 78. 1. Сфидаргонд закъон фондз боны æмгъуыдмæ æрвыст цæуы Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президентмæ къух дзы бавæрыны æмæ йæ адæмæн фехъусын кæныны тыххæй.

2. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президент цыппæрдæс боны æмгъуыдмæ къух бавæры закъоны æмæ йæ фехъусын кæны адæмæн.

3. Закъон йæ тыхы куы бацыди, уымæй цыппæрдæс боны æмгъуыдмæ Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президент йемæ куынæ сразы уа, уæд Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламент Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцийы сфидаргонд фæткмæ гæсгæ ногæй кæсы ацы закъонмæ. Закъонмæ дыккаг хатт кæсгæйæ, закъон раздæры сфидаргонд редакцийы Парламенты депутатты иумæйаг бæрцы дыууæ æртыццаг хайы хъæлæстæй хорзыл нымад куы æрцæуа,

уæд æй Президент хъуамæ бафысса авд боны æмгъуыдмæ æмæ йæ фехъусын кæна адæмæн.

Статья 79. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламенты архайды фæтк бæрæг кæны Парламенты Регламент.

5. сæргонд. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президент

Статья 80. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президент у паддзахады сæргълæууæг æмæ æххæстгæнæг хицаудзинады сæргълæууæг.

2. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президент у Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституци адæймаджы æмæ гражданины бартæ æмæ сæрибарадтæ хъахъхъæныны зæрдæдарæн. Конституцийы амынд хуызтæм гæсгæ хъæугæ мадзæлттæ аразы Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы паддзахадон æмæ территорион æнæхъæндзинад хъахъхъæнынæн, кæны афтæ, цæмæй республикæйы паддзахадон хицаудзинады æмæ уынаффæйады оргæнтæ кусой æмæ æмархайд кæной кæрæдзийы æмбаргæйæ.

3. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцимæ æмæ закъонтæм гæсгæ Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президент амоны паддзахады мидбæстон æмæ æддагон политикæйы сæйраг фæндæгтæ.

Статья 81. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президент уæвæн ис, 35 азæй къаддæр кæуыл нæ цæуы, æвзарыны бар кæмæн ис, ирон æмæ уырыссаг æвзæгтæ чи зоны, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы ахæм гражданинæн.

2. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президенты 4 азы æмгъуыдмæ æвзарынц республикæйы граждæнтæ æппæтон, æмбар æмæ комкоммæйы æвзарæн бары бындурыл, сусæг хъæлæс кæнгæйæ.

3. Уыцы-иу адæймагæн Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президенты бынат фæд-фæдыл дыууæ æмгъуыдæй фылдæр ахсæн нæй.

4. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президенты æвзæрстыты фæтк амоны республикон конституцион закъон.

Статья 82. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президент йæ бынат бацахсы йæ равзарыны фæстæ дæсæм бон.

2. Йæ бынат бацахсыны размæ Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президент адæмы раз хæры ахæм ард: «Кадджын уавæры ард хæрын, адæймаджы бартæ æмæ сæрибарадтæ кæй нымайдзынæн æмæ хъахъхъæндзынæн, Республикæ Цæгат

Ирыстоны—Аланийы Конституци кæй æххæст кæндзынæн æмæ хъахъхъæндзынæн, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы паддзахадон æмæ территорион æнæхъæндзинад кæй хъахъхъæндзынæн, адæмæн иузæрдионæй кæй кусдзынæн, уый тыххæй».

3. Ард хæрд цæуы кадджын уавæры, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламенты депутаттæ æмæ Конституцион цæстдарды комитеты уæнгтæ уым куыд уой, афтæмæй.

Статья 83. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президент:

а) иумæйаг разамынд дæтты Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы æххæстгæнæг хицаудзинады оргæнтæн æмæ йæ бон у Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хицауады æмбырды сæрдариуæг кæнын;

б) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламенты фæндæй нысан кæны Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хицауады Сæрдары;

в) фидар кæны Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хицауады сконд;

г) нысан кæны æмæ бынатæй уæгъд кæны Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хицауады Сæрдары хæдивджыты, министрты, паддзахадон комитетты сæрдарты æмæ æххæстгæнæг хицаудзинады иннæ разамонджыты;

д) уынаффæ хæссы Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хицауады отставкæйы тыххæй;

е) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламентмæ дæтты кандидаттæ Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцион цæстдарды комитеты сæрдарæй, сæрдары хæдивæгæй æмæ уæнгтæй снысан кæныны тыххæй;

ж) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламентмæ кандидаттæ дæтты Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы тæрхондæтты тæрхонгæнджытæй снысан кæныны тыххæй;

з) нысан кæны æвзæрстытæ Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламентмæ Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцимæ гæсгæ;

и) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституци кæд амоны, уæд ауадзы Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламент æмæ нысан кæны ног æвзæрстытæ Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламентмæ;

к) нысан кæны æппæтадæмон хъæлæс, республикон конституцион закъон цы фæтк амоны, уымæ гæсгæ;

л) ис ын закъонæвæрæг хъæппæрисы бар;

м) йæ къух дзы æвæры æмæ адæмæн хъусын кæны Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы закъонтæ;

н) афæдз тæккæ къаддæр иу хатт Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламентмæ дæтты докладтæ республикæйы уавæры тыххæй, сиды адæммæ æмæ Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламентмæ;

о) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламентмæ дæтты кандидаттæ Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Национ банчы сæрдарæй снысан кæныны тыххæй, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламенты размæ æвæры фарста Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Национ банчы сæрдары йæ бынатæй суæгъд кæныны тыххæй;

п) кæны ныхас æмæ къух æвæры паддзахадты 'хсæн бадзырдтæ æмæ фидыдтыты;

р) нысан æмæ уæгъд кæны Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы æххæстбарджын минæвæртты;

с) уромы кæнæ ивы Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы æххæстгæнæг хицаудзинады оргæнты нормативон æмæ æндæр актты архайд;

т) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы территорийыл кæнæ хицæн бынæтты æвæры æмæ ивы сæрмагонд уавæры уаг;

у) дæтты Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы паддзахадон хæрзиуджытæ, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы кадджын нæмтæ, æвдисы Уæрæсейы Федерацийы паддзахадон хæрзиуджытæ æмæ кадджын нæмттæ раттынмæ;

ф) лыг кæны Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы граждайнады фарстатæ;

х) æххæст кæны Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцийы æмæ закъонты амынд æндæр хæстæ.

3. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президенты указтæ æмæ бардзырдтæ æнæмæнг æххæстгæнинаг сты Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы æппæт территорийыл дæр.

4. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президенты указтæ æмæ бардзырдтæ хъуамæ ма уой Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцийы æмæ Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы закъонты ныхмæ.

Статья 84. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президентмæ æвналæн нæй.

Статья 85. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президенты бон у Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламент ауадзын, ацы Конституцийы фыццаг сæргонд кæй фидар кæны, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы конституцион цардарæзты уыцы бындуртæ Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламент ивынмæ куы хъава, уæд.

2. Ацы Конституцийы 1-æм сæргондмæ срастгæнинæгты тыххæй закъон Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президент æркæсынмæ æвæры Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы ног æвзæрст Парламенты размæ.

3. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы ног равзæрст Парламент Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцийы 1-æм сæргонды уагæвæрдтæ аивын хъæугæйыл куы банымайа, уæд ын уыцы æфсонмæ гæсгæ ауадзæн нæй. Закъон та баззайы йæ тыхы.

4. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламент уагъд куы рцæуа, уæд Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президент нысан кæны æвзæрстыты бон афтæ, цæмæй Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы ног равзæрст Парламент æрæмбырд уа раздæры Парламент ауадзынæй тæккæ фылдæр цыппар мæйы фæстæ.

5. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламентæн ауадзæн нæй, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президенты ныхмæ аххос куы æрæвæра, уыцы рæстæг.

6. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламентæн ауадзæн нæй, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы территорийыл хæстон кæнæ сæрмагонд уавæры уаг цалынмæ уа, уæдмæ, стæй Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президенты барты æмгъуыды фæуды размæ æхсæз мæйы дæргъы.

Статья 86. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президент йæ хæстæ æххæст кæнынмæ бавналы йæ ардбахæрды хæдфæстæ æмæ сæ æххæст кæныи ныууадзы, йæ бынаты уæвыны æмгъуыд куы ахицæн уа, уæд, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы ног равзæрст Президент ард куы бахæра, уый тæккæ фæстæ.

2. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президент йæ хæстæ æххæст кæныи æмгъуыдæй раздæр ныууадзы, отставкæйы куы ацæуа, цы бартæ æмæ йын хæстæ ис, уыдон йе 'нæниздзинадмæ гæсгæ æххæст кæнынхъом куы нал уа кæнæ йæ бынатæй куы ацæуа, уæд. Уыимæ Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президенты æвзæрстытæ йæ бартæ æххæст кæныны фæудæй æртæ мæйы фæстæдæр хъуамæ ма уой.

3. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президент йæ бартæ æмæ хæстæ æххæст кæнынхъом куы нал уа, уæд сæ алы хатт дæр рæстæгмæ æххæст кæны Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хицауады Сæрдар. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президенты хæстæ æххæстгæнæгæн нæй Парламент уадзыны, æппæтадæмон хъæлæс аразыны, стæй Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцийы уагæвæрдтæм срастгæнинæгтæ бахæссыны æмæ уыцы уагæвæрдтæ аивыны тыххæй фæндæттæ хæссыны бар.

Статья 87. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президентæн йæ бынатæй сисæн ис, ардбахæрд куы фæсайа кæнæ зонгæ-зоныи фыдракæнд куы сараза, уæд.

2. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президенты йæ бынатæй сисыны фарста æвæрд цæуы Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламенты депутатты тæккæ къаддæр æртыккаг хайы хъæппæрисмæ гæсгæ. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцион цæстдарды комитет хатдзæг дæтты, сисыны æфсæнттæ ис æви нæй, уый тыххæй.

3. Æфсæнттæ куы уа, уæд Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламенты бон у Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президенты йæ бынатæй Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламенты депутатты иумæйаг бæрцы тæккæ къаддæр дыууæ æртыццаг хайы фæндæй сисын.

4. Президенты йæ бынатæй сисыны тыххæй Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламенты уынаффæ хъуамæ фидаргонд Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президенты фæзылын кæнынæй æртæ мæйы æмгъуыдæй фæстæдæр ма 'рцæуа. Уыцы æмгъуыдмæ уынаффæ хаст куы не 'рцæуа, уæд Президенты ныхмæ зылынгæнæн нымад цæуы аиуварсгондыл.

6 сæргонд. **Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы хицауад**

Статья 88. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хицауад арæзт у Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хицауады Сæрдарæй, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хицауады Сæрдары хæдивджытæй, министртæ æмæ æндæр бынатылæуд адæймæгтæй.

2. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хицауады Сæрдары нысан æмæ уæгъд кæны Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президент Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламенты фæндæй.

3. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хицауады Сæрдар Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президенты размæ æвæры фæндон Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хицауады æмæ номæй-номмæ йæ уæнгты тыххæй.

Статья 89. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хицауады Сæргълæууæг Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституци æмæ закъонтæм, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президенты указтæм гæсгæ амоны Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хицауады архайды сæйраг фæндæгтæ æмæ йын аразы йæ куыст.

Статья 90. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хицауад:

а) аразы Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы республикон бюджет, дæтты йæ Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламентмæ, кусы йæ сæххæст кæныныл æмæ дæтты æрвылазон дзуапп бюджет сæххæст кæныны тыххæй.

б) кæны афтæ, цæмæй Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы æххæстгонд цæуа иу паддзахадон политикæ экономикæйы, культурæйы, наукæйы, ахуырады, æнæниздзинад хъахъхъæныны, социалон æххуысады, экологийы къабæзты;

в) уынаффæ кæны республикæйы исбонæн;

г) аразы закъонад, граждæнты бартæ æмæ сæрибарадтæ уæвыны, исбон æмæ æхсæнадон æгъдау хъахъхъæныны, фыдракæндтимæ тохы мадзæлттæ;

д) разамынд дæтты æххæстгæнæг хицаудзинады дæлдæрлæууæг оргæнтæн;

е) æххæст кæны Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцийы æмæ закъонты амынд æндæр хæстæ æмæ бартæ.

2. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хицауады архайды фæтк амоны республикон конституцион закъон.

Статья 91. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцийы, закъонты, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президенты нормативон указты бындурыл æмæ сæ æххæст кæнгæйæ, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хицауад хæссы уынаффæтæ æмæ амындзинæдтæ, кусы æххæст сæ кæныныл.

2. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хицауады уынаффæтæ æмæ амындзинæдтæ æнæмæнг æххæстгæнгæ сты Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы.

Статья 92. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы ног равзæрст Президенты раз Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хицауад æрæвæры йæ бартæ.

Статья 93. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хицауадæн йæ бон у отставкæйы бадæттын, ууыл разы кæны кæнæ нæ кæны Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президент.

2. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламентæн йæ бон у Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хицауадмæ æнæууæнкдзинад равдисын. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хицауадмæ æнæууæнкдзинады тыххæй уынаффæ хаст цæуы Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламенты æппæт депутатты фылдæр хайы хъæлæстæй. Парламент Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хицауадмæ æнæууæнкдзинад куы равдиса, уæд уый фæстæ Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президенты бон у Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хицауады отставкæйы арвитын, кæнæ Парламенты

уынаффæнмæ не сразы уæвын. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламент æртæ мæйы æмгъуыдмæ дыккаг хатт Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хицауадмæ æнæууæнкдзинад куы равдиса, уæд Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президент отставкæйы арвиты Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хицауады.

3. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хицауад отставкæйы куы ацæуа кæнæ йæ бартæ куы æрæвæра, уæд Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президенты хæслæвæрдмæ гæсгæ кусы дарддæр ног Хицауад саразыны онг.

7 сæргонд. **Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцион цæстдарды комитет**

Статья 94. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцион цæстдарды комитет у Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы конституцион контролы уæлдæр органæн.

2. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцион цæстдарды комитет аразы Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламент Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президенты бавдыстмæ гæсгæ дæс азы æмгъуыдмæ Сæрдарæй, Сæрдары хæдивæгæй æмæ комитеты æртæ уæнгæй.

3. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцион цæстдарды комитетмæ бацæуæг адæймæгтæн уæвæн нæй, сæ акттæм комитет йæ цæст кæмæ дары, уыцы органты: нæй сын, æхца кæмæн фидынц, æндæр ахæм куыстытæ кæнæн, ахуыргæнæджы, наукон æмæ æндæр сфæлдыстадон архайдæй фæстæмæ.

4. Комитетмæ бацæуæг адæймæгтæ сæ архайды сты хæдбар æмæ æрмæстдæр Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцийы дæлбар.

Статья 95. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцион цæстдарды комитет Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламенты, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президенты, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хицауады домæнтæм гæсгæ æмæ ма, закъон куы амона, уæд кæны хатдзæгтæ æмæ хæссы уынаффæтæ, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцимæ гæсгæ сты æви нæ, уый тыххæй:

Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы закъонтæ, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламенты уынаффæтæ, нормативон мидис кæмæн ис, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президенты уыцы указтæ æмæ бардзырдтæ;

нормативон мидис кæмæн ис, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хицауады уыцы уынаффæтæ æмæ бардзырдтæ:

нормативон мидис кæмæн ис, министрадты, паддзахадон комитетты, иннæ паддзахадон органты æмæ æхсæнадон иугæндты акттæ, уыдонимæ, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланимæ чи хауы, федералон министрадты æмæ ведомствоты уыцы нормативон барадон акттæ дæр;

нормативон мидис кæмæн ис, бынæттон хиуынаффæйады уыцы акттæ;

йæ тыхы чи нæ бацыд, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы уыцы бадзырдтæ.

2. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламент цы закъонтæ æмæ æндæр нормативон-барадон акттæ рахаста, уыдон, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президенты уыцы указтæ æмæ амынддзинæдтæ Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцимæ гæсгæ не сты, уый тыххæй Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцион цæстдарды Комитеты хатдзæг æрвыст цæуы кæнæ Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламентмæ æмæ Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президентмæ, цы хæлдтытæ уагъд æрцыд, уыдон аиуварс кæныны тыххæй.

3. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хицауады, министрадты, паддзахадон комитетты, паддзахадон хицаудзинады иннæ органты æмæ æхсæнадон иугæндты акттæ Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцимæ гæсгæ не сты, зæгъгæ, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцион цæстдарды Комитет ахæм хатдзæг куы рахæсса, уæд уыцы актты кæнæ сæ хицæн уагæвæрдты тых нал вæййы.

Статья 96. Йæ бартæм гæсгæ Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцион цæстдарды комитеты сконд хатдзæгтæ Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы æппæт территорийыл æнæмæнг сты æххæстгæнгæ.

Статья 97. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцион цæстдарды комитеты архайды арæзт æмæ фæтк амоны конституцион закъон.

8 сæргонд. **Тæрхондоны хицаудзинад**

Статья 98. 1. Рæстæрхон Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы кæны æрмæстдæр тæрхондон.

2. Тæрхондоны хицаудзинад æххæстгонд цæуы арбитражон, граждайнаг, административон æмæ уголовон æгъдауæй æвзарыны фæрцы.

3. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы тæрхоны арæзтады æмæ тæрхон аразыны фарстатæ амонынц Уæрæсейы Фе-

дерацийы Конституци, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституци, федералон æмæ республикон закъæттæ.

4. Нæй сæрмагонд тæрхондæттæ аразæн.

Статья 99. Тæрхонгæнджытæ сæ бон уæвын у, 25 азы кæуыл сæххæст, уæлдæр юридикон ахуыргонддзинад кæмæ ис æмæ юридикон дæсныйадыл фондз азæй къаддæр чи нæ фæкуыста, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы ахæм граждæнтæн. Закъоны бон æрæвæрын у уæлæмхасæн домæнтæ тæрхонгæнджытæм.

Статья 100. 1. Тæрхонгæнджытæ тæрхон кæнгæйæ сты хæдбар æмæ сты æрмæстдæр закъоны дæлбар.

2. Тæрхонгæнджытæ сты æнæивгæ. Тæрхонгæнæджы бартæн кæрон скæнæн кæнæ бауромæн ис, закъон кæй амоны, æрмæстдæр ахæм фæткмæ гæсгæ.

3. Тæрхонгæнджытæм æвналæн нæй. Тæрхонгæнæгæй уголовон æгъдауæй бæрнондзинад бадомæн ис, федералон закъон цы фæтк æмæ æфсæнттæ амоны, æрмæстдæр уыдонмæ гæсгæ.

Статья 101. 1. Хъуыддæгтæ æппæт тæрхондæтты дæр æвзæрст цæуынц æргомæй. Хъуыддагмæ æхгæд æмбырды хъусæн ис, закъон кæд амоны, уæд.

2. Тæрхондæтты хъуыддæгтæм фæсаууонмæ кæсæн нæй, закъон кæд амоны, уæд йедтæмæ.

3. Тæрхондоны хъуыддæгтæ æвзæрст цæуынц дыууæты ерысы æмæ æмбарады бындурыл.

4. Закъон кæд амоны, уæд тæрхондоны хъуыддæгтæ æвзæрст цæуынц, тæрхонгæнæг чи нæу, ахæм адæймæгтæ дзы архайынц, афтæмæй.

Статья 102. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Сæйраг тæрхондон у уæлдæр тæрхоны оргæн граждайнаг, уголовон, административон æмæ иумæйаг юрисдикцийы тæрхондæттæм хауæг æндæр хъуыддæгтæм гæсгæ, федералон закъон цы процессуалон хуызтæ амоны, уыдонмæ гæсгæ тæрхоны уагæй йæ цæст дары Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы районты (горæтты) æмæ æндæр тæрхондæтты тæрхоны архайдмæ.

Статья 103. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Арбитражон тæрхондон у тæрхондоны оргæн экономикон быцæутæ æмæ, арбитражон тæрхондæттæм чи хауы, æндæр ахæм хъуыддæгтæ лыг кæныны фæдыл.

Статья 104. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы тæрхондæтты тæрхонгæнджыты нысан кæны Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламент, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президенты бавдыстмæ гæсгæ.

9 сæргонд. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Прокуратурæ

Статья 105. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы территорийыл сæ тыхыуæвæг закъæттæ куыд æххæстгонд цæуынц, уымæ йæ цæст дары Уæрæсейы Федерацийы Прокуратуræмæ хауæг Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Прокуратурæ.

Статья 106. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы прокуроры 5 азы æмгъуыдмæ бынаты æвæры, йæ бынатæй йæ уæгъд кæны Уæрæсейы Федерацийы Генералон прокурор, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламент разы куы уа, уæд.

2. Дæлдæрлæууæг прокурорты нысан кæны Уæрæсейы Федерацийы Генералон прокурор 5 азы æмгъуыдмæ, сты уый æмæ Республикæ Цæгат Ирыстоны — Аланийы прокуроры дæлбар æмæ сæразы дзуапдæтджытæ.

Статья 107. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы прокуратурæйы оргæнтæ сæ бартæ æххæст кæнынц, кæцыфæнды бынæттон оргæнтæй дæр хæдбар уæвгæйæ, федералон закъæттæм гæсгæ.

10 сæргонд. Бынæттон хиуынаффæйад

Статья 108. 1. Бынæттон хиуынаффæйад Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы кæны афтæ, цæмæй адæм лыг кæной бынæттон ахадындзинады фарстатæ, уой муниципалон исбоны хицау, кæной дзы пайда æмæ йын уынаффæ.

2. Бынæттон хиуынаффæйад граждæнтæ кæнынц æппæтадæмон хъæлæсты, æвзæрстыты, фæнд комкоммæ зæгъыны æндæр хуызты, бынæттон хиуынаффæйады æвзаргæ æмæ æндæр оргæнты фæрцы.

Статья 109. Бынæттон хиуынаффæйад конд цæуы горæтты, хъæуты æмæ æндæр территоритыл, историон æмæ æндæр бынæттон æгъдæуттæ хынцгæйæ.

Статья 110. 1. Бынæттон хиуынаффæйады оргæнтæ хæдбарæй уынаффæ кæнынц муниципалон исбонæн, аразынц, фидар æмæ æххæст кæнынц бынæттон бюджет, æвæрынц бынæттон хъалонтæ æмæ фиддонтæ, хъахъхъæнынц æхсæнадон æгъдау, стæй лыг кæнынц бынæттон ахадындзинады иннæ фарстатæ.

2. Бынæттон хиуынаффæйады оргæнтæн закъоны бон дæттын у хицæн паддзахадон бартæ, се 'ххæст кæнынæн хъæугæ материалон æмæ æхцайы фæрæзтæ сын ратгæйæ. Цы бартæ лæвæрд ис, уыдон куыд æххæстгонд цæуынц, уый бæрæг кæны паддзахад.

Статья 111. Бынæттон хицынаффæйадæн Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы фидар зæрдæдарæнтæ сты тæрхоны уагæй хъахъхъæныи, паддзахадон хицаудзинады оргæнтæ цы уынаффæтæ рахастой, уыдонмæ гæсгæ сæвзæрæг уæлæмхасæн хæрдзтæ сын фидын, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституци æмæ сæ тыхыуæвæг республикон закъæттæ бынæттон хицынаффæйадæн цы бартæ радтой, уыдон къаддæр кæныи нæ уадзын.

ДЫККАГ ХАЙ

Кæронбæттæн æмæ хизæн уагæвæрдтæ

1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституци йæ тыхы цæуы официалон æгъдауæй йæ ныммыхуыр кæныны бонæй фæстæмæ. Уыцы иу рæстæг йæ тыхы нал уыдзæн Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы 1978 азы 30 майы сфидаргонд Конституци (Сæйраг закъон) уыйфæстæйы ивддзинæдтæ æмæ бафтауинæгтимæ.

2. Аци Конституци йæ тыхы цалынмæ бацыд, уæдмæ Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы территорийыл сæ тыхы чи уыд, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы уыцы закъонтæ æмæ иннæ барадон акттæй пайдагонд цæуы, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцийы ныхмæ кæм нæ лæууынц, уыцы хæйттæй.

3. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президент Конституци йæ тыхы бацæуыны бонæй фæстæмæ æххæст кæны, уый цы бартæ сæвæрдта, уыдон, æвзæрст цы æмгъуыдæн æрцыд, уый фæуыны онг.

4. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламенты куыст райдайыны размæ Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Сæйраг Совет æххæст кæны Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламенты бартæ æмæ хæстæ.

5. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцион цæстдарды комитет, ацы Конституци йæ тыхы цы бон бацæуа, уæдæй фæстæмæ æххæст кæны, цы бартæ йын лæвæрд уыдис, уыдон, æвзæрст цы æмгъуыдæн æрцыд, уый фæуыны онг.

6. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хицауад, ацы Конституци йæ тыхы цы бон бацæуа, уымæй фæстæмæ исы, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституци кæй нысан кæны, уыцы бартæ, хæстæ æмæ бæрнондзинад.

7. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституци йæ тыхы куы бацæуа, уый фæстæ Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы æппæт тæрхондæтты тæрхонгæнджытæи дæр зайынц сæ бартæ, æвзæрст цы æмгъуыдæн уыдысты, уый фæуыны онг.

Республикæ Цæгат Ирыстони—Аланий КОНСТИТУЦИ

ИСФЕДАР ÆЙ КОДТА
РЕСПУБЛИКÆ ЦÆГАТ ИРИСТОНИ
СÆЙРАГ СОВЕТ
1994 анзи 12 ноябри

г. ДЗÆУÆГИГЪÆУ
1994 АНЗИ НОЯБРЬ

Республикæ Цæгат Ирыстоны Сæйраг Советы

ДЕКЛАРАЦИ

Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Конституци сфедар æма фегъосун кæнуни туххæй

Республикæ Цæгат Ирыстоны Сæйраг Совет, Республикæ Цæгат Ирыстоны адæмы номæй архайгæй, федар кæнуй Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Конституци æма йгъосун кæнуй, 1994 анзи 7 декабрæй æ тухи ке бацудæй, уой туххæй.

Республикæ Цæгат Ирыстоны
Сæйраг Советы Сæрдар **БЕРÆГЪТИ Ю.**

5 Зак. 1253.

КОНСТИТУЦИ
РЕСПУБЛИКÆ ЦÆГАТ ИРИСТОНИ—АЛАНИЙ

Республикæ Цæгат Иристони—Аланий берæнацион адæм,
адæймаги бартæ æмæ сæребарæдтæ, граждайнаг сабурдзийнадæ æма фарнæ федар кæнгæй,
адæмти æмбарадæ æма хуæдбаради еугуремæн дæр нимад уагæвæрдтæ нимайгæй,
республики паддзахадон хуæдбаради туххæй Деклараци æма Федеративон Бадзурдмæ гæсгæ архайгæй,
республики алцæмæй æнхæст цард æма тухгин ирæзт къохи бафтуйун кæнунмæ тундзгæй,
фæлтæрти историон бастдзийнадæ нæ ихалгæй,
абони æма исони размæ барнондзийнадæ лæдæргæй,
Уæрæсей Конституций принциптæбæл æма уагæвæрдтæбæл еузæрдеон æнцæ, уой нæуæгæй æвдесгæй,
зæгъунцæ æма æвæрунцæ аци КОНСТИТУЦИ.

ФИЦЦАГ ХАЙ

1 сæргонд. **Конституцион цардарæзти бундортæ**

Статья 1. Республикæ Цæгат Иристон—Алани æй демократон барадон паддзахадæ, йе æвдесуй æ берæнацион адæми фæндæ æма интерестæ.

Статья 2. Адæймаг, æ бартæ æма сæребарæдтæ æнцæ тæккæ устурдæр хæзна. Адæймаг æма гражданини бартæ æма сæребарæдтæ нимайун, нæ сæ ихалун æма сæ гъæуай кæнун æнцæ Республикæ Цæгат Иристони—Аланий еугуремæй устурдæр ихæс.

Статья 3. 1. Хуæдбардзийнадæ хæссæг æма хецаудзинади еунæг игуræн Республикæ Цæгат Иристони—Аланий æнцæ æ адæм.

2. Адæм хецауеуæг кæнунцæ комкоммæ, уæдта паддзахадон хецаудзийнади органти æма бунæттон хеунаффæйади органти фæрци.

3. Адæми комкоммæ хецаудзийнади уæлдæр æвдесæн æнцæ сугурадæмон гъæлæс æма сæребарæ æвзурститæ. Еугурадæмон гъæлæсæй ци унаффæ хаст æрцæуа, уомæн раййевæн ес æрмæстдæр уойфæсте еугурадæмон гъæлæсæй. Æвзурститæ арæзт цæунцæ еугурон, æмбарæ æма комкоммæ гъæлæс кæнуни бундорбæл, сосæгæй гъæлæс кæнгæй.

4. Некæмæн æй æ бон Республикæ Цæгат Иристони—Аланий хецаудзийнадæ æхе кæнун. Хецаудзийнадæ есун кенæ хецауеуæгади бартæ æхе кæнун æфхуæрд цæунцæ закъонмæ гæсгæ.

Статья 4. Республикæ Цæгат Иристонæн—Аланийæн æ территоribæл ес еугур паддзахадон хецаудзийнадæ, Уæрæсей Федераций бæрнæхсти лæвæрд ци бартæ æрцудæй, уонæй фæстæмæ.

Статья 5. 1. Республикæ Цæгат Иристонæн—Аланийæн ес æхе граждайнадæ.

2. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий граждайнадæ лæвæрд æма ист цæуй республики закъонмæ гæсгæ, æй æмхузæн, цæмæ гæсгæ лæвæрд æрцудæй, уомæ нæ кæсгæй.

3. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий гражданин йеци-еу рæстæг æй Уæрæсей Федераций гражданин дæр.

Статья 6. Паддзахадон хецаудзийнадæ Республикæ Цæгат Иристони—Аланий æнхæстгонд цæуй закъонæвæрæг, æнхæстгæнæг æма 'й тæрхони хецаудзийнæдтæбæл иуаруни бундорбæл. Закъонæвæрæг, æнхæстгæнæг æма тæрхони хецаудзийнади оргæнтæ æнцæ хуæдбарæ.

Статья 7. Паддзахадон хецаудзийнадæ Республикæ Цæгат Иристони—Аланий æнхæст кæнунцæ Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламент, Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Президент, Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Хецауадæ, Республикæ Цæгат Иристони—Аланий тæрхондæнттæ, Республикæ Цæгат Иристони—Аланий паддзахадон хецаудзийнади бунæттон оргæнтæ.

Статья 8. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий нимад æма зæрдæвæргæ æй бунæттон хеунаффæйадæ. Бунæттон хеунаффæйадæ æ бартæмæ гæсгæ æй хуæдбарæ.

Статья 9. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий территори æй еу æма æнæнуаргæ. Цæгат Иристони территори байсунмæ арæзт архайдæн барæ нæййес æма æфхуæрд цæуй закъонмæ гæсгæ.

Статья 10. 1. Республикæ Цæгат Иристони-Аланий зæнхæй, æ къахгæ хæснатæй æма иннæ æрдзон фæрæзнитæй, адæми циййес уогæй, пайдагонд цæуй æма гъæуайгонд цæунцæ, куд æ царди æма архайди бундор, уотæ.

2. Зæнхæ æма иннæ æрдзон фæрæзнитæн уæн ес паддзахадон, муниципалон, хецæн адæймæгти, коллективон есбони æма есбони æндæр хузти, Республикæ Цæгат Иристони—Аланий закъонтæ ци фæткæ æма æууæлтæ амонунцæ, уонæмæ гæсгæ.

Статья 11. 1. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий æмхузон нимад æнцæ æма гъæуайгонд цæунцæ паддзахадон, муниципалон, хецæн адæймæгти, коллективон æма есбонади æндæр хузтæ.

2. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий федар зæрдæдарæн ес ерисæн, экономикон æма амалгъон архайди сæребарадæн.

Статья 12. 1. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий нимад цæуй идеологон æма политикон алихузондзийнадæ.

2. Еу идеологийæн дæр æвæрæн нæйуес æнæмæнги кенæ паддзахадони хузи.

3. Æхсæнадон еугæндтæ æмхузон æнцæ закъони размæ.

4. Нæйуес аразæн æма косæн, сæ нисантæ æма архайд Республикæ Цæгат Иристони—Аланий конституцион цардарæзти бундортæ хъаури фæрци фендæрхузон кæнунмæ кенæ паддзахадæн æ æнæгъæнæдзийнадæ фехалунмæ, æдасдзийнадæ фæккеун кæнунмæ, æ территорибæл тохæндзаумауæй йефтонггонд еугæндтæ аразунмæ, социалон, расон, национ æма дини уагбæл фудæнхæдзийнадæ хæлеу кæнунмæ арæзт кæмæн æнцæ, уæхæн æхсæнадон организацитæн.

Статья 13. 1. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий еу динæн дæр æвæрæн нæйуес паддзахадон кенæ æнæмæнги хузи.

2. Дини еугæндтæ æнцæ хецæн паддзахадæй æма æмхузон закъони размæ.

Статья 14. 1. Республики бæрнæхсти ци фарстатæ æнцæ, уони Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Конституцийæн ес тæккæ устурдæр юридикон хъаурæ, æй комкоммæ архайæг æма си пайдагонд цæуй æ æнæгъæнæ территорибæл дæр. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий ци закъонтæ æма æндæр барадон актгæй пайдагонд цæуй, йетæ гъæуама ма уонцæ Конституций нихмæ.

2. Паддзахадон хецаудзийнади оргæнтæ, бунæттон хеунаффæйади оргæнтæ, бунатилæуд адæймæгтæ, граждæнтæ æма сæ еугæндтæ, уæдта, Республикæ Цæгат Иристони—Аланий территорибæл ка уа, йеци æндæр адæймæгтæ гъæуама æнхæст кæнонцæ Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Конституци æма закъонтæ.

3. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий закъонтæ гъæуама мухургонд цæуонцæ официалон æгъдауæй. Мухургонд ка не

'рцæуа, уоци закъонтæй пайдагонд нæ цæуй. Адæймаг æмæ гражданини бартæбæл, сæребарæдтæ æма ихæстæбæл ка зинпуй, уæхæн циуавæрфæндий нормативон, барадон акттæй пайдагæнæн нæййес, еугуремæндæр базонуни туххæй цалинмæ официалон æгъдауæй мухургонд æрцæуонцæ, уæдмæ.

4. Еугуремæн дæр нимад уагæвæрдтæ æма дуйнеон баради нормитæ, Уæрæсей Федераций æма Республикæ Цæгат Иристони—Аланий дуйнеон бадзурдтæ æнцæ Республикæ Цæгат Иристони—Аланий барадон системи еу хай.

Статья 15. 1. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий паддзахадон æвзæгтæ æнцæ ирон æма уруссаг.

2. Ирон æвзаг (ирон æма дигорон диалекттæ) æй ирон адæми национ хелæдæруйнади бундор. Ирон æвзаг гъæуай кæнун æма ирæзун кæнун æнцæ Республикæ Цæгат Иристони—Аланий паддзахадон хецаудзийнади тæккæ ахсгиагдæр ихæстæ.

3. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий территоригбæл цæрæг адæмтæн ес маддæлон æвзаг гъæуай кæнунæн, ахур æй кæнунæн уавæртæ аразуни барæ.

Статья 16. Республикæ Цæгат Иристон-Алани Республикæ Хонсар Иристони хæццæ æ ахастдзийнæдтæ аразуй этникон, национ, историон-территорион еудзийнади, социалон экономикон æма культурон æмархайди бундорбæл.

Статья 17. 1. Конституций аци сæргонди уагæвæрдтæ æнцæ Республикæ Цæгат Иристони—Аланий конституцион арæзти бундортæ.

2. Аци Конституций циуавæрфæндий æндæр уагæвæрдтæ гъæуама ма уонцæ Республикæ Цæгат Иристони—Аланий конституцион цардарæзти бундорти нихмæ.

2 сæргонд. **Адæймаги æма гражданини бартæ æма сæребарæдтæ**

Республикæ Цæгат Иристони—Аланий адæймаги æма гражданини бартæ нимад æма федарæй лæвæрд цæунцæ дуйнеон баради, Уæрæсей Федераций Конституци æма аци Конституцимæ гæсгæ еугуремæн дæр нимад уагæвæрдтæ æма нормитæмæ гæсгæ.

Статья 19. 1. Адæймаги æма гражданини бартæ æма сæребарæдтæ æнцæ комкоммæ архайæг. Йетæ амонунцæ закъонти гъуди, æма си куд пайда кæнун гъæуй, уой, закъонæвæрæг æма минæварадон хецаудзийнади, бунæттон хеунаффæйади архайд, æма сæ гъæуай кæнуй пæсттæрхон.

2. Адæймаги æма гражданини бартæ æма сæребарæдтæ æнхæст кæнун гъæуама ма ихала иннæ адæймæгти бартæ æма сæребарæдтæ.

Статья 20. 1. Еугурæйдæр æмхузон æнцæ закъон æма тæрхони размæ.

2. Республикæ Цæгат Иристон—Алани федарæй дæттуй адæймаги æма гражданини бартæ æма сæребарæдтæ, нæлгоймаг æй æви силгоймаг, уомæ, кæци расæмæ, нацимæ хауй, ци 'взагбæл дзоруй, æ нийнергутæ ка адтæнцæ, ци есбон имæ ес æма, ци бунат ахæссуй, кæми цæруй, динмæ ци зæрдæ даруй, æ зунди рахастмæ, кæци æхсæнадон еугæндтæмæ хауй, уонæмæ, уæдта æндæр æууæлтæмæ нæ кæсгæй. Нæйнес граждæнти бартæ, кæци социалон къуармæ, расæмæ, нацимæ, æвзагмæ кенæ динмæ хаунцæ, уонæмæ гæсгæ цийфæнди хузи дæр ælхъевуни барæ.

3. Нæлгоймаг æма силгоймагæн ес емхузон бартæ æма сæребарæдтæ, уæдта си пайда кæнуни æмхузон гæнæнтæ.

Статья 21. 1. Адæймаги цард æма кадæ гъæуай кæнуй паддзахадæ.

2. Некæмæн ес кæнæн фудмиутæ, тухмиутæ, карз кенæ адæймаги кадæ æнсæндæг миутæ кенæ æфхуæрæнтæ. Æнæ æхе барвæндæй некæбæл ес медицинон, наукон æма æндæр фæлварæнтæ кæнæн.

Статья 22. 1. Алкæмæн дæр ес сæребаради æма ин æ цардмæ не 'вналуни барæ.

2. Нийнахæссæн, ахæстони бакæнæн æма, гъæуайгæнгæй, ахæстони дарæн ес æрмæстдæр тæрхондони унаффæмæ гæсгæ. Тæрхондони унаффи размæ некæмæн ес уорамæн 48 сахатæй фулдæр æмгъудмæ.

Статья 23. 1. Алкæмæн дæр ес æ цардмæ ин не 'вналуни, æхе, æ бийнонти сосæгдзийнади, æ кадæ æма æ хуарз ном гъæуай кæнуни барæ.

2. Алкæмæн дæр ес финсуни, телефонæй дзубанди кæнуни, пости, телеграфон æма æндæр игъосунгæнуйнæгти сосæгдзийнæдтæ гъæуай кæнун барæ. Йеци барæ фæмминкъийдæргæнæн ес æрмæстдæр тæрхондони унаффæмæ гæсгæ.

Статья 24. 1. Æнæ æхе фæндонæй нæйнес æмбурдгæнæн, æфснайдæй дарæн æма хæлеугæнæн хабæрттæн адæймагæн æхе царди туххæй.

2. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий паддзахадон хецаудзийнади оргæнти æма бунæттон хеунаффæйади оргæнти, уоми бунати лæуд адæймæгти ихæс æй алкæмæн дæр æ бартæ æма

сæребарæдтæмæ комкоммæ хауæг документтæ æма æрмæги хæццæ базонгæ уни фадуат дæттун, кæд закъон æндæр йести нæ амонуй, уæд.

Статья 25. Цæрæн бунатмæ æвналæн нæййес. Некæмæн ес цæрæнуæттæмæ цæуни барæ, ка си цæруй, уони нæ фæндгæй, закъон кæд амонуй, æрмæстдæр уæд, кенæ тæрхони унаффæ кӱ уа, уæд.

Статья 26. 1. Алкæмæн дæр ес, кæци нацимæ хауй, уой æвзаруни æма амонуни барæ. Некæмæн ес тухæй равзарун æма байамонунгæнæн, кæци нацимæ хауй, уой.

2. Алкæмæн дæр ес маддæлон æвзагæй пайда кæнуни, дзоруни, гъомбæлади, ахур кæнуни æма исфæлдистади æвзаг сæребарæй æвзаруни барæ.

Статья 27. 1. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий территорибæл æмбæлгæ хузи ка ес, уонæй алкæмæн дæр ес еу рауæнæй иннемæ сæребарæй цæуни, уоми уни æмæ цæрæн бунат æвзаруни барæ.

2. Республикæ Цæгат Иристон—Алани æ граждæнтæн федарæй зæрдæ æвæруй йе 'ндегæй сæ гъæуай кæнунæй æма сæбæл æ армæ дарунæй.

Статья 28. Алкæмæн дæр лæвæрд цæуй дин кæнуни сæребарæдзийнадæ, кæци динбæл æууæндуй, уобæл хуæст уни сæребарадæ, хецæнæй кенæ иннети хæццæ кæцифæнди динбæл хуæст уни кенæ еунæг динбæл дæр хуæст нæ уни, дини кенæ æндæр зундрахаст сæребарæй æвзаруни, уни æма сæ хæлеу кæнуни барæ, æма уонæмæ гæсгæ архайуни барæ дæр нимайгæй.

Статья 29. 1. Алкæмæн дæр ес гъуди æма дзубанди кæнуни сæребарæдзийнадæ.

2. Нæййес социалон, расон, национ æма дини æнæуинондзийнадæ æма хæрандзийнадæ æвзурунгæнæг пропагандæ æма агитаци кæнæн. Нæййес социалон, расон, национ, дини кенæ æвзагмæ гæсгæ æхе иннетæй уæлдæр æвæруни пропаганди барæ.

3. Некæмæн ес тухæй æ гъудитæ æма зундрахаст æвдесунгæнæн кенæ сæбæл къох исесунгæнæн.

4. Алкæмæн дæр ес информаци закъони амунд циуаварфæндий мадзалæй дæр агоруни, есуни, дæттуни, аразуни æмæ парахат кæнуни барæ. Паддзахадон сосæгдзийнадæ ци æй, уони амонуй закъон.

5. Ес дзиллон информаций сæребарадæ. Цензурæ æвæрæн нæййес.

Статья 30. 1. Алкæмæн дæр ес еугæндтæмæ цæуни барæ, хе пайдатæ гъæуай кæнуни тухæй профессион цæдестæ аразуни

барæ дæр нимайгæй. Æхсæнадон еугæндтæн лæвæрд цæуй архайди сæребарадæ.

2. Некæмæн ес ескæци еугондмæ тухæй бацæунгæнæн кенæ си ун.

Статья 31. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий граждæнтæн ес сабурæй, æнæ хуæцæнгарзæй æмбурд кæнуни, æмбурдтæ, митингтæ æма демонстрацитæ, æрцудтитæ æма пикеттæ аразуни æма æвæруни барæ.

Статья 32. 1. Республикæ Цæгат Иристони-Аланий граждæнтæн ес, куд комкоммæ, уотæ сæ минæвæртти фæрци дæр паддзахадон гъуддæгтæн унаффæйади архайуни барæ.

2. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий граждæнтæн ес паддзахадон хецаудзийнади æма бунæттон хеунаффæйади оргæнтæмæ æвзаруни æма æвзæрст æрцæуни, уæдта еугурадæмон гъæлæси архайуни барæ.

3. Æвзаруни æма æвзæрст æрцæуни барæ нæйиес, тæрхондонæ гъуддаггъонбæл ке нæ банимайа, уони, уæдта, тæрхондони унаффæмæ гæсгæ сæребарадæ ист кæми цæуй, уæхæн бунæтти ка уа, йеци граждæнтæн.

4. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий граждæнтæн æмхузон фадуат ес паддзахадон службæмæ бацæунæн.

5. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий граждæнтæн ес рæсттæрхони архайуни барæ.

Статья 33. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий граждæнтæн ес паддзахадон оргæнтæмæ æма бунæттон хеунаффæйади оргæнтæмæ сæхецæн комкоммæ æрхатуни кенæ ба сæмæ хецæнтæй æма коллективон курдиæттæ æрветуни барæ.

Статья 34. 1. Алкæмæн дæр ес æ арæхстдзийнæдтæ æма есбонæй амалгъон кенæ, закъон барæ кæмæн дæттуй, уæхæн экономикон архайди пайда кæнуни барæ.

2. Нæйиес монополизацимæ кенæ æдзæсгом ерисмæ арæзт экономикон архайди барæ.

Статья 35. 1. Хе есбонади барæ гъæуай кæнуй закъон.

2. Алкæмæн дæр ес æхе есбон имæ уни, куд хебараги, уотæ ин æндæр адæймæгти хæццæ хецау уни, пайда си æма ин унаффæ кæнуни барæ.

Некæмæн ес æ есбон байсæн, тæрхондонæ унаффæ ку нæ рахæсса, уæд. Паддзахадон гъуддæгтæн есбонæн тухæй байсæн ес, æ аргъ ин рагагъоммæ æма æмбæрцæй фист ку 'рцæуа, æрмæстдæр уæд.

4. Бунтæ уадзуни барæ лæвæрд цæуй федарæй.

Статья 36. Граждæнтæ æма сæ еугæндтæн ес зæнхæ, æ гъæздугдзийнæдтæ æма иннæ æрдзон фæрæзнитæ син уни, пайда си æма син унаффæ кæнуни барæ Республикæ Цæгат Иристони—Аланий закъонмæ гæсгæ.

Статья 37. 1. Алкæмæн дæр ес сæребарæ фæллойнæ кæнуни, æ арæхстдзийнадæн унаффæ кæнуни, архайди хузæ æма дæснийадæ æвзаруни барæ.

2. Æнæбари кустæн уæн нæййес.

3. Алкæмæн дæр ес, æдасдзийнадæ æма гигиени домæнти аккаг ка уа, уæхæн æууæлти косуни, кусти мизди кадæ дæлдæр неци хузи æвæргæй, æма кустæн федунæн закъон ци тæккæ минкъийдæр мизд исæвардта, уомæй дæлдæр ка нæ уа, уæхæн мизд есуни барæ, уæдта æгустдзийнадæй гъæуайгонд уни барæ.

4. Нимади æй хецæн æма коллективон фæллойнадон буцæути барæ, сæ лух кæнуни гъуддаги закъони амунд фæрæзнитæй пайда кæнгæй, кустуорæди барæ дæр нимайгæй.

5. Алкæмæн дæр ес фæллад уадзуни барæ. Фæллойнадон бадзурдмæ гæсгæ косæгæн нисангонд цæунцæ закъони амунд косгæ рæстæги бæрцæ, фæлладуадзæн æма бæрæгбæнттæ, федгæ кæмæн æй, уæхæн аллианзон отпуск.

Статья 38. 1. Маддæлти, фиддæлти æма сабийти, бийнонти гъæуай кæнуй паддзахадæ.

2. Сувæллæнттæбæл ауодун, сæ гъомбæладæ æнцæ ниййергути æмхузон барæ æма ихæс.

3. 18 анзи кæбæл исæнхæст æй, йеци кустгъон цæуæт гъæуама ауодонцæ, кустгъон ка нæбал æй, сæ уоци ниййергутæбæл.

Статья 39. 1. Алкæмæн дæр социалон æнхус лæвæрд цæуй карæмæ гæсгæ, сæйгæ, инвалид уогæй, дарæг нæбал уогæй, сувæллæнти гъомбæладæн æма закъони амунд æндæр гъуддæгти.

2. Паддзахадон пенситæ æма социалон æнхус нисан кæнуй закъон.

3. Агъазгонд цæуй хебарæ социалон фæдзæхстадæн, социалон æнхуси æма зæрдæлхæнæнти уæлæмхасæн хузтæ аразунæн.

Статья 40. 1. Алкæмæн дæр ес цæрæн бунат ин уни барæ. Хевастæй некæмæн ес æ цæрæн бунат байсæн.

2. Паддзахадон хецаудзийнади оргæнтæ æма бунæттон хеуаффæйади оргæнтæ разæнгард кæнунцæ цæрæн хæдзæртти арæзтадæ, уавæртæ аразунцæ цæрæнуатæй пайда кæнунæн.

3. Цубуркъох, цæрæнуат ке гъæуй, закъони амунд уоци иннæ граждæнтæн йе лæвæрд цæуй лæвар кенæ аслан аргъбæл цæрæн хæдзæртти паддзахадон, муниципалон æма æндæр фондтæй закъони амунд нормитæмæ гæсгæ.

Статья 41. 1. Алкæмæн дæр ес йе 'нæнездзийнадæ гъæуай кæнуни æма дæсни медицинон æнхус райсуни барæ. Æнæнездзийнадæ гъæуай кæнуни паддзахадон æма муниципалон косæндæнтти медицинон æнхус граждæнтæн конд цæуй лæвар еу кенæ иннæ бюджети, фæдзæхстади феддонти æма æндæр æрбафтуйæг пайдати харзæй.

2. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий æхца уагъд цæуй адæми æнæнездзийнадæ гъæуай æма федардæр кæнунæн, арæзт цæунцæ æнæнездзийнади паддзахадон, муниципалон хецæн адæймæгти системити ирæзти мадзæлттæ, разæнгардгонд цæуй, адæймаги æнæнездзийнадæ федар кæнунæн, физикон культурæ æма спорти ирæзтæн, экологон æма санитарон-эпидемиологон æмбæлгæ уавæрæн агъаз ка кæна, уæхæн архайд.

3. Адæми цард æма æнæнездзийнадæн тæссаг кæмæй æй, уæхæн цаутæ æма æууæлтæ бунатилæуд адæймæгтæ сосæг ку кæнонцæ, уæд йе æ фæсте сайуй бæрнондзийнадæ закъонмæ гæсгæ.

Статья 42. Алкæмæн дæр ес æмбæлгæ алфамбулай æрдзи цæруни, æ уавæри туххæй раст хабæрттæ есуни, йе 'нæнездзийнадæн кенæ есбонæн экологон баради ихæлдтитæ ци зиан æрхастонцæ, уони ин банхæст кæнуни барæ.

Статья 43. 1. Алкæмæн дæр ес ахур кæнуни барæ.

2. Алкæмæн дæр ес, уæдта лæвар, скъолай агъоммæ, сæйраг еумæйаг, (æнхæст) еумæйаг ахурмæ æма астæуккаг профессион ахурмæ бацæуæн паддзахадон æма муниципалон ахурадон косæндæнтти æма кустуæтти.

3. Алкæмæн дæр æ бон æй конкурси бундорбæл паддзахадон æма муниципалон ахурадон косæндони æма кустуати лæвар уæлдæр ахургонддзийнадæ райсун.

4. Сæйраг еумæйаг ахурадæ æй æнæмæнгæ гъæугæ. Ниййергутæ кенæ, уони бæсти ка 'й, йетæ кæнунцæ уотæ, цæмæй сувæллæнттæ райсонцæ сæйраг еумæйаг ахурадæ.

5. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий архайунцæ, федералонти æмрæнгъæ, республикон ахурадон стандарттæ, йетæ агъаз кæнунцæ ахуради æма хеахуради алли хузтæн.

Статья 44. 1. Алкæмæн дæр ес литературон, айевадон, наукон, техникон æма исфæлдистади иннæ хузти сæребарадæ. Интеллектуалон есбон гъæуай кæнуй закъон.

2. Алкæмæн дæр ес культурон царди архайуни æма культури косæндæнттæй пайда кæнуни, культурон хæзнатæй пайда кæнуни барæ.

Статья 45. 1. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий адæймаги æма гражданини бартæ æма сæребарæдтæ федарæй гъæуай кæнуй паддзахадæ.

2. Алкæмæн дæр ес, закъон ке уадзуй, еугур йеци мадзæлттæй æ бартæ æма сæребарæдтæ гъæуай кæнуни барæ.

Статья 46. 1. Алкæмæн дæр æ бартæ æма сæребарæдтæ федарæй гъæуай кæнуй тæрхондонæ.

2. Паддзахадон хецаудзийнади оргæнти, бунæттон хеунафæйади оргæнти, æхсæнадон еугæндти æма бунатилæуд адæймæгти унаффитæбæл æма архайдбæл (кенæ неци архайунбæл) багъастгæнæн ес тæрхондонæмæ.

3. Алкæмæн дæр æ бон æй Уæрæсей Федераций дуйнеон бадзурдтæмæ гæсгæ адæймаги бартæ æма сæребарæдтæ гъæуай кæнуни фæдбæл паддзахæдтæн еумæйаг оргæнтæмæ æрхатун, кæд, барадæ гъæуай кæнунæн ци медбæстон фæрæзнитæ ес, уонæн сæ еугуремæйдæр пайдагонд æрцудæй, уæд.

Статья 47. 1. Некæмæн ес байсæн, æ гъуддагмæ, закъонмæ гæсгæ 'й ка гъæуама равзара, йеци тæрхондонæ æма имæ йеци тæрхони лæг æркæсонцæ, уоци барæ.

2. Фудракæндтитæй зулунгонд ка цæуй, уомæн ес, федералон закъон кæд амонуй, уæд, тæрхони лæг ка нæ 'й, уæхæн адæймæгтæ, тæрхони ин æ гъуддаг æвзаргæй, æрхайонцæ, уой барæ.

Статья 48. 1. Алкæмæн дæр лæвæрд цæуй дæсни юридикон æнхус райсуни барæ. Закъон кæд амонуй, уæд юридикон æнхус æй лæвар.

2. Уорæд, ахæст ка æрцудæй, фудракондæй зулунгонд ка цæуй, уонæй алкедæр пайда кæнуй адвокати (сæрбæлдзорæги) æнхусæй, уорæд, ахæст ку 'рцудæй кенæ 'й фудгин ку фæккодтонцæ, уæдæй фæстæмæ.

Статья 49. 1. Фудракондæй зулунгонд цæуæг алли адæймаг дæр æнанхосбæл нимад цæуй, цалинмæ æ анхос закъони амунд фæткæмæ гæсгæ бæрæггонд æрцæуа æма тæрхондони унаффæмæ гæсгæ закъони уагбæл æ тухи бацæуа, уæдмæ.

2. Анхос кæбæл æвæрд цæуй, уомæн йе хæс нæй, æнанхос ке æй, уобæл æууæндун кæнун.

3. Адæймаг анхосгин æй, уобæл æнæрайеуварсгонд гурусхитæ æнцæ, анхос кæбæл æвæрд цæуй, уой пайдайæн.

Статья 50. 1. Йеци еу фудраконди туххæй дуккаг хатт истæрхонгæнæн некæмæн ес.

2. Рæсттæрхон кæнгæй, пайдагæнæн нæййес, закъон фехалгæй ке райстæуа, уæхæн æвдесæнтæй.

3. Фудраконди туххæй тæрхонгонд кæмæн æрцудæй, уонæй алкæмæн дæр ес, тæрхондони унаффæмæ уæлдæрлæууæг тæрхондонæ федералон закъони амунд фæткæмæ гæсгæ æркæса,

уой барæ, уæдта бахатир кæнун æма æфхæрд фæллæмæгъдæр кæнун коруни барæ.

Статья 51. 1. Æ бон некæмæн æй æхе, æ лæг кенæ уоси æма, федералон закъон ке амонуй, йеци хæстæгути нихмæ æвдесæнтæ æвæрун.

2. Закъони бон æвæрун æй æвдесæндартæ дæттуни ихæсæй уæгъдæ кæнуни æндæр æфсæнттæ дæр амонун.

Статья 52. Фудракæндтæ æма хецаудзийнадæй фудмиутæй пайдагæнгути миутæй зиантæ кæбæл æрцудæй, уони бартæ гъæуай кæнуй закъон. Зиан кæбæл æрцудæй, уонæн паддзахадæ дæттуй præсттæрхонмæ бадæттуни æма сæбæл ци зиан æрцудæй, уой банхæст кæнуни барæ.

Статья 53. Алкæмæн дæр ес, паддзахадон хецаудзийнади оргæнти æма бунатилæуд адæймæгти æнæзакъон архайд (кенæ неци архайд) ин ци зиан æрхаста, уой ин паддзахадæ бафеда, уой барæ.

Статья 54. 1. Бæрнондзийнадæ æвæрæг кенæ уæззаудæргæнæг закъон уойразмæ гъуддæгтæмæ нæ хауй.

2. Йе 'руадзуни præстæг баради ихæлдбæл нимад ка н 'адтæй, уæхæн миути тухххæй бæрнондзийнадæ æвæрд гъæуамæ макæбæл уа. Фудраконд саразуни фæсте уой тухххæй бæрнондзийнадæ еуварсгонд кенæ минкъийдæргонд ку 'рцæуа, уæд пайда кæнунцæ нæуæг закъонæй.

Статья 55. 1. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Конституций сæйраг бартæ æма сæребарæдти ранимад уотæ лæдæргæ нæй, æма нимади нæ 'нцæ кенæ фагæ аргъгонд нæ цæуй адæймаги æма гражданини еугуремæн дæр нимад иннæ бартæ æма сæребарæдтæн.

2. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий хæссæн нæййес, адæймаги бартæ æма сæребарæдтæ ка æййева, кенæ син фагæ аргъгонд кæми нæ цæуа, уæхæн закъонтæ.

3. Адæймаги æма гражданини бартæ æма сæребарæдтæ закъонæн ес фæмминкъийдæргæнæн, конституцион цардарæзт, иннæ адæймæгти уодварнæ, æнæнездзийнадæ, закъонмæ гæсгæ æмбæлгæ интерестæ, Республикæ Цæгат Иристони—Аланий æдасдзийнадæ багъæуай кæнунæн цæй бæрцæ гъæуй, æрмæстдæр уой бæрцæ.

Статья 56. 1. Сæрмагонд уавæри æууæлти гражданини æдасдзийнадæ исæвæруни æма конституцион цардарæзт гъæуай кæнуни тухххæй конституцион закъонмæ гæсгæ еуцæйбæрцæдæр фæмминкъийдæргæнæн ес бартæ æма сæребарæдтæн, сæ бæрцитæ æма син се 'мгъудтæ байамонгæй.

2. Республикæ Цæгат Ирыстони—Аланий еугур территорибæл æма æ хецæн бунæтти æвæрæн ес сæрмагонд уавæр, конституцион закъон ке амонуй, уæхæн æууæлтæ уогæй æма уæхæн уагмæ гæсгæ.

3. Минкъийдæргæнæн нæййес Республикæ Цæгат Ирыстони—Аланий Конституций 21, 23 (1 хай), 24, 28, 34 (1 хай), 40 (1 хай), 46—54 статьяти амунд бартæ æма сæребарæдтæн.

Статья 57. Алкæ ихæс дæр æй федун, закъон ке æвæруй, йеци хъалонтæ æма феддонтæ. Нæуæг хъалонтæ ка ивæруй кенæ хъалондарти уавæр лæгъуздæр ка кæнуй, йеци закъонтæн фæстæмæ здахæг хъаурæ нæййес.

Статья 58. 1. Алкæмæн дæр йе 'хæс æй историон æма культурон бунтæ гъæуай кæнунбæл ауодун, истори æма культури цыртдзæвæнтæ гъæуай кæнун.

2. Алкæмæн дæр йе 'хæс æй æрдзæ æма алфамблай тугъдадæ гъæуай кæнун, æрдзон гъæздугдзийнæдтæбæл зæрдæй ауодун.

Статья 59. 1. Фидибæстæ гъæуай кæнун æй Республикæ Цæгат Ирыстони—Аланий гражданини ихæс.

2. Республикæ Цæгат Ирыстони—Аланий гражданин æфсæддон службæ кæнуй федералон закъонмæ гæсгæ.

3. Æфсæддон службæ кæнун æ зундрахасти кенæ дини хæццæ ку нæ федауа, уæд, уæдта федералон закъон ке амонуй, уæхæн æндæр хæттити Уæрæсей Федераций гражданинæн ес альтернативон граждайнаг службæй æй баййевуни барæ.

Статья 60. Республикæ Цæгат Ирыстони—Аланий граждайнадæ кæмæ нæййес, Уæрæсей Федераций йеци граждæнтæн, уæдта фæсарæйнæгтæн æма, еу бæсти гражданин дæр ка нæ 'й, уоци адæймæгтæн Республикæ Цæгат Ирыстони—Аланий территорибæл ес Республикæ Цæгат Ирыстони—Аланий граждæнти æмхузон бартæ æма сæбæл ивæрд ес уæхæн ихæстæ, Республикæ Цæгат Ирыстони—Аланий Конституци æма закъонтæ ку амононцæ, уомæй фæстæмæ.

3 сæргонд. **Республикæ Цæгат Ирыстони—Аланий паддзахадон æма административон-территорион арæзт**

Статья 61. 1. Республикæ Цæгат Ирыстон—Алани æй барвæндæй Уæрæсей Федерацимæ хауæг хуæдбарæ паддзахадæ.

2. Республикæ Цæгат Ирыстон—Алани хуæдбарæй нисан кæнуй республики паддзахадон хецаудзийнади оргæнти системæ Уæрæсей Федераций конституцион цардарæзти, паддзахадон хецаудзийнади минæварадон æма æнхæстгæнæг оргæнти арæзти

еумæйаг уагæвæрдтæмæ æма Республикæ Цæгат Иристони—Аланий закъонмæ гæсгæ.

3. Республикæ Цæгат Иристон—Алани æй Уæрæсей Федераций дуйнеон æма æндагон экономикон рахастдзийнæдти, йе 'ннæ хæйтти хæццæ федудтити архайæг.

Статья 62. 1. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий æма Уæрæсей Федераций æхсæн рахастдзийнæдтæ арæзт цæунцæ Уæрæсей Федераций Конституций, Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Конституций, Федеративон Бадзурди, æндæр бадзурдти бундорбæл.

2. Кæнуйнагæй кæмæ ци хауй, уой æма бартæ Уæрæсей Федераций æма Республикæ Цæгат Иристони—Аланий паддзахадон хецаудзийнади оргæнти æхсæн кæрæдземæй хецæнгонд цæунцæ Уæрæсей Федераций Конституцимæ, Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Конституцимæ, Федеративон Бадзурдмæ, æндæр бадзурдтæмæ æма нормативон актгæмæ гæсгæ.

3. Уæрæсей Федераций бæрнæхсти ка ес, йеци, уæдта Уæрæсей Федераций æма Республикæ Цæгат Иристони—Аланий бæрнæхсти еумæ уæвæг фарстати фæдбæл Республикæ Цæгат Иристони—Аланий æнхæстгæнæг оргæнтæ хаунцæ Уæрæсей Федераций æнхæстгæнæг хецаудзийнади системæмæ. Æнхæстгæнæг хецаудзийнади федералон оргæнти хæццæ бафедаугæй, Республикæ Цæгат Иристони—Аланий æнхæстгæнæг хецаудзийнади оргæнти бон æй сæ барти еу хай син дæттун, уæдта син æнхæстгæнæг хецаудзийнади федералон оргæнтæ ци бартæ равардтонцæ, уони æнхæст кæнунмæ сæхемæ есун.

4. Уæрæсей Федераци æ хемæрайст ихæстæ ку нæ æнхæст кæна, уæд Уæрæсей Федераций Конституци æма Федеративон Бадзурдмæ гæсгæ Республикæ Цæгат Иристонæн—Аланиæн ес еу, кенæ иннæ бартæй хуæдбарæй пайда кæнуни барæ.

Статья 63. 1. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий закъонтæ æма æндæр нормативон барадон актгæ гъæуамæ мa лæууонцæ, Уæрæсей Федераций бартæмæ гæсгæ федералон оргæнтæ ци закъонтæ федар кæнунцæ, уони нихмæ.

2. Æ бартæмæ гæсгæ Республикæ Цæгат Иристон—Алани ци закъонтæ рахæсса, уони Республикæ Цæгат Иристони—Аланий территорий æнæмæнгæ æнхæстгæнгæ æнцæ паддзахадон хецаудзийнади оргæнтæн æма бунæттон хеунаффæйади еугур оргæнтæн, бунатилæуд адæймæгтæн, граждæнтæ æма сæ еугæндтæн, уæдта Республикæ Цæгат Иристони—Аланий территоригбæл уæвæг æндæр адæймæгтæн. Федералон закъонти æма, Республикæ Цæгат Иристони—Аланий паддзахадон хецаудзийнади оргæнтæ ци нормативон барадон актгæ рахæссонцæ, уони æхсæн

нихмæлæуддзийнадæ ку уа, уæд сæ тухи æнцæ Республикæ Цæгат Иристони—Аланий нормативон барадон акттæ.

Статья 64. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий арæнтæн æййевæн нæййес, æ берæнацион адæм еугурадæмон гъæлæсæй ке равдесонцæ, æнæ йеци фæндæй.

2. Республикæ Цæгат Иристон—Алани хуæдбарæй лух кæнуй административон-территориоп арæзтади фарстатæ.

3. Республикæ Цæгат Иристон—Алани арæзт æй горæт Дзæуæгигъæу æма районтæй: Алагири, Æридони, Дигори, Ирæфи, Кировн, Мæздæги, Рахезфарси æма Горæтгæрон районтæй.

4. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий сæйраг горæт æй Владикавказ (Дзæуæгигъæу), æ уагæвæрд ин æвæруй республикон закъон.

Статья 65. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий паддзахадон туруса, герб æма гимн, сæ хузæ æма си официалон æгъдауæй пайда кæнуни уаг æвæруй республикон конституцион закъон.

4 сæргонд. **Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламент**

Статья 66. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламент æй Республикæ Цæгат Иристони—Аланий уæлдæр минæварадон æма закъонæвæрæг оргæн.

Статья 67. 1. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламент æвзæрст цæуй цуппар анзи æмгъудмæ финддæс æма æртинсæй депутатæй.

2. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий депутатти æвзаруни фæткæ æвæруй республикон закъон.

Статья 68. 1. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламенти депутатæй равзарæн ес, 21 анзи кæбæл исæнхæст æй æма æвзурстити архайуни барæ кæмæн ес, Республикæ Цæгат Иристони—Аланий уæхæн гражданинæн.

2. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламенти депутатæн бунæттон хеунаффæйади оргæни депутат уæн нæййес.

3. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламенти депутатæн æ бон косун æй профессионалон еудадзугон бундорбæл. Профессионалон еудадзугон бундорбæл ка косуй, Парламенти еци депутатæн уæн нæййес паддзахадон службн, нæ ин ес, федгæ кæмæн æй, æндæр уæхæн куст кæнæн, ахургæнæги, наукон æма иефæлдистадон кустæй фæстæмæ.

4. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий хецауади иуæнгтæн, Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламенти депутатæй æвзурст ку 'рцæуонцæ, уæд се 'хæс æй сæ сæйраг кусти сæ бартæ æрæвæрун.

5. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламенти депутат æй йе 'взаргути минæвар æма дзоруй уони сæрбæл. Æвзаргути бон æй сæ депутати кæддæриддæр ракæнун.

6. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламенти депутати статус бæрæг кæнуй республикон закъон.

Статья 69. 1. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламенти депутатмæ æвналæн нæййес æ барти еугур рæстæги дæргъи. Уомæн нæййес бауорамæн, æрахæссæн, бадеголæ имæ кæнæн, фудраконди уæлгъос уорæд ку 'рцæуа, уæдæй фæстæмæ, уæдта ин нæййес æхе басгарæн, иннæ адæймæгти æдасдзийнадæ багъæуай кæнуни туххæй уой закъон ку амона, уæдæй фæстæмæ.

2. Депутатæн æрахæссæн ма уа, йеци барæ ин байсуни фарста лух кæнуй Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламент Республикæ Цæгат Иристони-Аланий прокурори бавдистмæ гæсгæ.

Статья 70. 1. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламент æй еудадзуг архайæг оргæн.

2. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламенти фиццаг æмбурд аразуй Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Центрон æвзарæн къамис æвзурстити фæсте финддæсæймаг бонæй фæстæдæр нæ. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Президенти бон æй Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламенти æмбурд йеци æмгъудæй раздæр исаразун.

3. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламенти фиццаг æмбурд игон кæнуй æ карæмæ гæсгæ зæронддæр депутат æма æй хæссуй Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламенти Сæрдар равзаруни уæнгæ.

4. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламенти куст райдайунæй фæстæмæ раздæри равзурст Парламенти бартæ фæуунцæ.

Статья 71. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламенти бæрнæхсти æнцæ:

а) Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Конституци федар кæнун, æййивддзийнæдтæ æма имæ бафтауйнæгтæ хæссун;

б) Республикæ Цæгат Иристони—Аланий закъонтæ хæссун æма, куд æнхæстгонд цæунцæ, уой бæрæг кæнун;

в) Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Конституци æма закъонтæ лæдæрун кæнун;

г) Республикæ Цæгат Иристони—Аланий республикон бюджет федар кæнун æма, куд æнхæстгонд цæуа, уой бæрæг кæнун;

д) республикон хъалонтæ, иннæ æнæмæнги феддонтæ нисан кæнун;

е) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий административ-территорион арæзт бæлвурд кæнун;

ж) бунæттон хеунаффæйади оргæнтæмæ æвзурститæ нысан кæнун, закъон кæд амонуй, уæд;

з) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Центрон æвзарæн къамис æвзарун;

и) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий еугурадæмон гъæлæс нысан кæнун, республикон конституцион закъони ци фæткæ амунд ес, уомæ гæсгæ;

к) Уæрæсей Федераций Федералон Æмбурди закъонæвæрæг хъæппæрес æвдесун;

л) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Президенти æвзурститæ нысан кæнун;

м) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Президенти æ бунатæй уæгъдæ кæнун;

н) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Парламенти Сæрдари, Парламенти Сæрдари фиццаг хуæдæйæвæги æма хуæдæйæвæги æвзарун;

о) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Президентæн аразий дзуапп дæттун Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Хецауади Сæрдари нысан кæнуни туххæй;

п) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий прокурори иснысан кæнуни туххæй аразий дзуапп дæттун;

р) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Конституцион цæстæдарди комитети сæрдари, сæрдари хуæйдæйæвæги æма иуæнгтæ нысан кæнун;

с) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий тæрхондæнтти тæрхонгæнгути нысан кæнун;

т) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Национ банки сæрдари нысан æма уæгъдæ кæнун;

у) Республикæ Цæгат Ирыстоны-Аланий Хецауадæбæл æууæнки фарста лух кæнун;

ф) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Хецауади архайди программæ федар кæнун;

х) сæрмагонд уавæр исæвæруни туххæй Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Президенти указ федар кæнун;

ц) еумæйаг æма республикон дæлбарæ уæвæг фарстати фæдбæл хаст ка 'рцудæй, Уæрæсей Федераций Президенти йеци указтæ, Уæрæсей Федераций Хецауади унаффитæ æма бардзурдтæ, Уæрæсей Федераций министрадти, паддзахадон комитетти æма ведомствоти актти архайд бауорамун, кæд Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Конституци æма закъонти нихмæ æнцæ, уæд, цалинмæ Уæрæсей Федераций Конституцион Тæрхондонæ унаффæ рахæсса, уæдмæ;

ч) Конституцион цæстæдарди комитети хатдзæгмæ гæсгæ Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Президенти указтæ æма бардзурдтæ уорамун кенæ æййевун, йетæ Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Конституци кенæ закъонти нихмæ ку уонцæ, уæд;

ш) Уæрæсей Федераций, æ хæйтти, фæсарæйнаг паддзахæдти æма дуйнеон организацити хæццæ бадзурдтæ федар кæнун æма ихалун;

щ) Республикæ Цæгат Иристони—Аланий æфсæддон еугæндтæ уа, уобæл аразидзийнадæ дæттун;

э) Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Конституций æма закъонти амунд æндæр ихæстæ æнхæст кæнун.

Статья 72. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламенти æма æ комитетти æмбурдти сæ бон архайун æй Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Президентæн, Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Хецауади иуæнгтæн, Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Конституцион цæстæдарди комитети сæрдарæн, Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Сæйраг тæрхондони сæрдарæн, Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Арбитражон тæрхондони сæрдарæн, Республикæ Цæгат Иристони—Аланий прокурорæн, æндæр хунд адæймæгтæн.

Статья 73. 1. Республикæ Иристони—Аланий Парламент æ иуæнгтæй æвзаруй Парламенти Сæрдари, Парламенти Сæрдари фиццаг хуæдæййевæги æма хуæдæййевæги сосæгæй гъæлæс кæнгæй.

2. Парламенти Сæрдарæн, Парламенти Сæрдари фиццаг хуæдæййевæг æма хуæдæййевæгæн æмгъудæй раздæр исуæгъдæгæнæн ес сæ бунæттæй Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламенти унаффæмæ гæсгæ.

Статья 74. Парламенти Сæрдар, Парламенти Сæрдари фиццаг хуæдæййевæг æма хуæдæййевæг сæрдареуæг кæнунцæ Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламенти æмбурдти, унаффæ кæнунцæ æ кусти уагæн æма æнхæст кæнунцæ Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Конституций æма закъонти амунд æндæр ихæстæ.

Статья 75. 1. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламент депутаттæй æвзаруй комитеттæ закъони-проектон куст кæнуни туххæй. Парламентмæ æркæсунмæ хаст ка æрцæудзæнæй, йеци фарстатæмæ рагагъоммæ æркæсуни æма сæ бацæттæ кæнуни туххæй, закъонтæ æма Парламенти æндæр акттæ куд æнхæстгонд цæунцæ, уонæбæл контроль æвæрунц туххæй, парламентон байгъуститæ аразунц туххæй.

2. Ку багъæуа, уæд Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламент аразуй еудадзугон æма рæстæгмæ косгæ депутатон къамистæ.

Статья 76. Закъонæвæрæг хъæплæрес равдесуни барæ ес Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Президентæн, Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламенти депутаттæн, Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Конституцион цæстæдарди комитетæн, Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Сæйраг тæрхондонæн, Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Арбитражон тæрхондонæн, Республикæ Цæгат Иристони—Аланий прокурорæн.

Статья 77. 1. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламент федар кæнуй конституцион закъонтæ, закъонтæ, унаффитæ æма æндæр акттæ.

2. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Конституци. исрастæнуйнæгтæ Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Конституцимæ, конституцион закъонтæ федаргондбæл нимад цæуицæ, минкъийдæр уæддæр сæбæл Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламенти депутатти еумæйаг бæрци дууæ æртиккаг хаййи ку исгъæлæс кæнонцæ, уæд.

3. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий закъонтæ, Парламенти унаффитæ æма æндæр акттæ федаргонд цæунцæ, Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламенти депутатти еумæйаг бæрци фулдæр хай сæбæл ку исгъæлæс кæна, уæд.

Статья 78. 1. Сфедаргонд закъон фондз бони æмгъудмæ æрвист цæуй Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Президентмæ къох си байвæруни æма 'й адæмæн фегъосун кæнуни туххæй.

2. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Президент цуппæрдæс бони æмгъудмæ къох байвæруй закъони æма 'й фегъосун кæнуй адæмæн.

3. Закъон æ тухи ку бацудæй, уомæй цуппæрдæс бони æмгъудмæ Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Президент æ хæццæ ку нæ исарази уа, уæд Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламент Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Конституций сфедаргонд фæткæмæ гæсгæ нæуæгæй кæсуй аци закъонмæ. Закъонмæ дуккаг хатт кæсгæй, закъон раздæри сфедаргонд редакций Парламенти депутатти еумæйаг бæрци дууæ æртиккаг хаййи гъæлæстæй хуарзбæл нимад ку 'рцæуа, уæд æй Президент гъæуама бафинса авд бони æмгъудмæ æма 'й фегъосун кæна адæмæн.

Статья 79. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламенти архайди фæткæ бæрæг кæнуй Парламенти Регламент.

5 сæргонд. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Президент

Статья 80. 1. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Президент æй паддзахади сæргълæууæг æма æнхæстгæнæг хецаудзинади сæргълæууæг.

2. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Президент æй Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Конституци, адæймаги æма гражданини бартæ æма сæребарæдтæ гъæуай кæнуни зæрдæдарæн. Конституций амунд хузтæмæ гæсгæ гъæугæ мадзæлттæ аразуй Республикæ Цæгат Иристони—Аланий паддзахадон æма территорион æнæгъæнæдзийнадæ гъæуай кæнунæн, кæнуй уотæ, цæмæй республики паддзахадон хецаудзийнади æма унаффæйади оргæнтæ косонцæ æма æмархайд кæнонцæ кæрæдзей лæдæргæй.

3. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Конституцимæ æма закъонтæмæ гæсгæ Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Президент амонуй паддзахади медбæстон æма æндагон политики сæйраг фæндæгтæ.

Статья 81. 1. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Президент уæн ес, 35 анзæй минкъийдæр кæбæл нæ цæуй, æвзаруни барæ кæмæн ес, ирон æма уруссаг æвзæгтæ ка зонуй, Республикæ Цæгат Иристони—Аланий уæхæн гражданинæн.

2. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Президенти 4 анзи æмгъудмæ æвзарунцæ республики граждантæ еугурадæмон, æмбарæ æма комкоммæ æвзарæн бари бундорбæл, сосæг гъæлæс кæнгæй.

3. Йеци еу адæймагæн Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Президенти бунат фæд-фæди дууæ æмгъудемæй фулдæр ахæссæн нæййес.

4. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Президенти æвзурстити фæткæ амонуй республикон конституцион закъон.

Статья 82. 1. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Президент æ бунат байахæссуй æ равзаруни фæсте дæсæймаг бон.

2. Æ бунат байахæссуни размæ Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Президент адæми рази хуæруй ауæхæн ард: «Кадгин уавæри ард хуæрун, адæймаги бартæ æма сæребарæдтæ ке нимайдзæнæн æма гъæуай кæндзæнæн, Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Конституци ке æнхæст кæндзæнæн æма гъæуай кæндзæнæн, Республикæ Цæгат Иристони—Аланий паддзахадон æма территорион æнæгъæнæдзийнадæ ке гъæуай кæндзæнæн, адæмæн еузæрдионæй ке косдзæнæн, уой туххæй».

3. Ард хуæрд цæуй кадгин уавæри, Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламенти депутаттæ æма Конституцион цæстæдарди комитети иуæнгтæ уоми куд уонцæ, уотемæй.

Статья 83. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президент:

а) еумæйаг разамунд дæттуй Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы æнхæстгæнæг хецаудзийнади оргæнтæн æма æ бон æй Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хецауади æмбурди сæрдареуæг кæнун;

б) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламенты фæндæй нисан кæнуй Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хецауади Сæрдари;

в) федар кæнуй Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хецауади сконд;

г) нисан кæнуй æма бунатæй уæгъдæ кæнуй Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хецауади Сæрдари хуæдæййевгути, министрти, паддзахадон комитетти сæрдарти æма æнхæстгæнæг хецаудзийнади иннæ размонгути;

д) унаффæ хæссуй Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хецауади отставки туххæй;

е) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламентмæ дæттуй кандидаттæ Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцион цæстæдарди комитети сæрдарæй, сæрдари хуæдæййевæгæй æма иуæнгтæй иснисан кæнуни туххæй;

ж) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламентмæ кандидаттæ дæттуй Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы тæрхондæнтти тæрхонгæнгутæй иснисан кæнуни туххæй;

з) нисан кæнуй æвзурститæ Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламентмæ Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцимæ гæсгæ;

и) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституци кæд амонуй, уæд рауадзуй Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламент æма нисан кæнуй нæуæг æвзурститæ Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламентмæ;

к) нисан кæнуй еугурадæмон гъæлæс, республикон конституцион закъон ци фæткæ амонуй, уомæ гæсгæ;

л) ес ин закъонæвæрæг хъæппæреси барæ;

м) æ къох си æвæруй æма адæмæн игъосун кæнуй Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы закъонтæ;

н) анз тæккæ минкъийдæр еу хатт Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламентмæ дæттуй докладтæ республики уавæри туххæй, фæдздзоруй адæммæ æма Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламентмæ;

о) Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламентмæ дæттуй кандидаттæ Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Национ банки сæрдарæй иснисан кæнуни туххæй, Республикæ Цæгат Ирыстоны Аланийы Парламенты размæ æвæруй фарста Респуб-

ликæ Цæгат Иристони—Аланий Национ банки сæрдари æ бунатæй исуæгъдæ кæнуни туххæй;

п) кæнуй нихас æма къох æвæруй паддзахæдти 'хсæн бадзурдтæ æма федудтити;

р) нисан æма уæгъдæ кæнуй Республикæ Цæгат Иристони—Аланий æнхæстбаргун минæвæртти;

с) уорамуй кенæ æййевуй Республикæ Цæгат Иристони—Аланий æнхæстгæнæг хецаудзийнади оргæнти нормативон æма æндæр актти архайд;

т) Республикæ Цæгат Иристони—Аланий территорибæл кенæ хецæн бунæтти æвæруй æма æййевуй сæрмагонд уавæри уаг;

у) дæттуй Республикæ Цæгат Иристони—Аланий паддзахадон хуæрзеугутæ, Республикæ Цæгат Иристони—Аланий кадгин нæмттæ, æвдесуй Уæрæсей Федераций паддзахадон хуарзеугутæ æма кадгин нæмттæ раттунмæ;

ф) лух кæнуй Республикæ Цæгат Иристони—Аланий граждайнади фарстатæ;

х) æнхæст кæнуй Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Конституций æма закъонти амунд æндæр ихæстæ.

2. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Президент уадзуй указтæ æма бардзурдтæ.

3. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Президенти указтæ æма бардзурдтæ æнæмæнгæ æнхæст кæнуйнаг æнцæ Республикæ Цæгат Иристони—Аланий еугур территорибæл дæр.

4. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Президенти указтæ æма бардзурдтæ гъæуама ма уонцæ Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Конституций æма Республикæ Цæгат Иристони—Аланий закъонти нихмæ.

Статья 84. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Президентмæ æвналæн нæййес.

Статья 85. 1. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Президенти бон æй Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламенти рауадзун, аци Конституций фиццаг сæргонд ке федар кæнуй, Республикæ Цæгат Иристони—Аланий конституцион цардарæзти йеци бундортæ Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламент æййевунмæ ку гъава, уæд.

2. Аци Конституций 1-аг сæргондмæ срасткæнуйнæгти туххæй закъон Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Президент æркæсунмæ æвæруй Республикæ Цæгат Иристони—Аланий нæуæг æвзурст Парламенти размæ.

3. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий нæуæг равзурст Парламент Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Конституций 1-аг сæргонди уагæвæрдтæ æййевун гъæугæбæл ку банимайа, уæд ин йеци рæуонæмæ гæсгæ рауадзæн нæййес. Закъон ба байзайуй æ тухи.

4. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Парламент уагъд ку 'рцæуа, уæд Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Президент нисан кæнуй æвзурстити бон уотæ, цæмæй Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий нæуæг равзурст Парламент æрæмбурд уа раздæри Парламент рауадзунæй тæккæй фулдæр цуппар мæйей фæсте.

5. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Парламентæн рауадзæн нæййес, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Президенти нихмæ анхос ку æрæвæра, йеци рæстæг.

6. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Парламентæн рауадзæн нæййес, Республикæ Цæгат Ирыстоны Аланий территоритбæл тугъдон кенæ сæрмагонд уавæри уаг цалинмæ уа, уæдмæ, уæдта Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Президенти бартæ æмгъуди фæууни размæ æхсæз мæйей дæргъи.

Статья 86. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Президент æ ихæстæ æнхæст кæнунмæ бавналуй æ ардбахуæрди хуæдфæсте æма сæ æнхæст кæнун ниууадзуй, æ бунати уни æмгъуд ку рахецæн уа, уæд, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий нæуæг равзурст Президент ард ку бахуæра, уой тæккæ фæсте.

2. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Президент æ ихæстæ æнхæст кæнун æмгъудæй раздæр ниууадзуй, отставки ку рацæуа, ци бартæ æма ин ихæстæ ес, уони йе 'нæнездзийнадæмæ гæсгæ æнхæст кæнунгъон ку нæбал уа кенæ æ бунатæй ку рандæ уа, уæд. Уой хæццæ ба Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Президенти æвзурститæ æ бартæ æнхæст кæнун фæуунæй æртæ мæйи фæстæдæр гъæуамæ ма уонцæ.

3. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Президент æ бартæ æма ихæстæ æнхæст кæнунгъон ку нæбал уа, уæд сæ алли хатт дæр рæстæгмæ æнхæст кæнуй Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Хецауади Сæрдар. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Президенти ихæстæ æнхæстгæнæгæн нæййес Парламент уадзуни, еугурадæмон гъæлæс аразуни, уæдта Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Конституций уагæвæрдтæмæ срасткæнуйнæгтæ бахæссуни æма йеци уагæвæрдтæ раййевуни туххæй фæндæнттæ хæссуни барæ.

Статья 87. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Президентæн æ бунатæй исесæн ес, ардбахуæрд ку фæссайа кенæ зонгæ-зонун фудраконд ку исараза, уæд.

2. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Президенти æ бунатæй исесуни фарста æвæрд цæуй Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Парламенти депутатти тæккæ минкъийдæр æртиккаг хаййи хъæппæресмæ гæсгæ. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Конституцион цæстæдарæн комитет хатдзæг дæттуй, исесуни æфсæнттæ ес æви нæ, уой туххæй.

3. Æфсæнттæ ку уа, уæд Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Парламенты бон æй Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Президенты æ бунатæй Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Парламенты депутатты еумæйаг бæрцы тæккæ минкъыйдæр дууæ æртыккаг хаййы фæндæй исесун.

4. Президенты æ бунатæй исесуны туххæй Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Парламенты унаффæ гъæуама федаргонд Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Президенты фæззулун кæнунæй æртæ мæйы æмгъудæй фæстæдæр ма 'рцæуа. Йеци æмгъудмæ унаффæ хаст ку не 'рцæуа, уæд Президенты нихмæ зулунгæнæн нимад цæуй райеуварсгондбæл.

6 сæргонд. **Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Хецауадæ**

Статья 88. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Хецауадæ арæзт æй Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Хецауади Сæрдарæй, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Хецауади Сæрдары хуæдæййевгутæй, министртæ æма æндæр бунатилæуд адæймæгтæй.

2. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Хецауади Сæрдары нысан æма уæгъдæ кæнуй Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Президент Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Парламенты фæндæй.

3. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Хецауади Сæрдар Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Президенты размæ æвæруй фæндон Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Хецауади æма номæй-номмæ æ иуæнгты туххæй.

Статья 89. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Хецауади Сæрдар Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Конституци æма закъонтæмæ, Республикæ Цæгат Ирыстон—Аланий Президенты указтæмæ гæсгæ амонуй Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Хецауади архайди сæйраг фæндæгтæ æма ин аразуй æ куст.

Статья 90. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Хецауадæ:

а) аразуй Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий республикон бюджет, дæттуй æй Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий Парламентмæ, косуй исæнхæст æй кæнунбæл æма дæттуй аллианзон дзуапп бюджет исæнхæст кæнуны туххæй;

б) кæнуй уотæ, цæмæй Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланий æнхæстгонд цæуа еу паддзахадон политикæ экономики, культуры, науки, ахуради, æнæнездзийнадæ гъæуай кæнунади, социалон æнхусади, экологий къабæзти;

в) унаффæ кæнуй республики есбонæн:

г) аразуй закъонади, граждæнты бартæ æма сæребарæдтæ

гъæуай кæнуни, есбон æма æхсæнадон æгъдау гъæуай кæнуни, фудракæндти нихмæ тохи мадзæлттæ;

д) разамунд дæттуй æнхæстгæнæг хецаудзийнади дæлдæрлæууæг оргæнтæн;

е) æнхæст кæнуй Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Конституци æма закъонти амунд æндæр ихæстæ æма бартæ.

2) Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Хецауади архайди фæткæ амонуй республикон конституцион закъон.

Статья 91. 1. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Конституций, закъонти, Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Президенти нормативон указти бундорбæл æма сæ æнхæст кæнгæй, Республикæ Цæгат Иристон—Аланий Хецауадæ хæссуй унаффитæ æма амунддзийнæдтæ, косуй се сæнхæст кæнунбæл.

2. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Хецауади унаффитæ æма амунддзийнæдтæ æнæмæнгæ æнхæстгæнгæ æнцæ Республикæ Цæгат Иристони—Аланий.

Статья 92. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий næуæг равзурст Президенти рази Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Хецауадæ æрæвæруй æ бартæ.

Статья 93. 1. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Хецауадæн æ бон æй отставки бадæттун, уобæл арази кæнуй, кенæ нæ кæнуй Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Президент.

2. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламентæн æ бон æй Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Хецауадæмæ æнæууæнкæдзийнадæ равдесун. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Хецауадæмæ æнæууæнкæдзийнади туххæй унаффæ хаст цæуй Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламенти еугур депутатти фулдæр хаййи гъæлæстæй. Парламент Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Хецауадæмæ æнæууæнкæдзийнадæ ку равдеса, уæд уой фæсте Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Президенти бон æй Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Хецауади отставки рарветун, кенæ Парламенти унаффæбæл не саразуни ун. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламент æртæ мæйей æмгъудмæ дуккаг хатт Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Хецауадæмæ æнæууæнкæдзийнадæ ку равдеса, уæд Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Президент отставки æрветуй Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Хецауади.

3. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Хецауадæ отставки ку рацæуа кенæ æ бартæ ку æрæвæра, уæд Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Президенти ихæслæвæрдмæ гæсгæ косуй идарддæр нæуæг Хецауадæ исаразуни уæнгæ.

7 сæргонд. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланы Конституцион цæстæдарди комитет

Статья 94. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланы Конституцион цæстæдарди комитет æй Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланы конституцион контроли уæлдæр органæн.

2. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланы Конституцион цæстæдарди комитет аразуй Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланы Парламент Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланы Президенты бавдистмæ гæсгæ дæс анзей æмгъудмæ Сæрдарæй, Сæрдари хуæдæййевæгæй æма комитети æртæ иуонгæй.

3. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланы Конституцион цæстæдарди комитетмæ бацæуæг адæймæгтæн уæн нæййес, сæ акттæмæ комитет цæстæ кæмæн даруй, йеци органти: нæййес син, æхца кæмæн федунцæ, æндæр уæхæн куститæ кæнæн, ахургæнæги, наукон æма æндæр исфæлдистадон архайдæй фæстæмæ.

4. Комитетмæ бацæуæг адæймæгтæ сæ архайди æнцæ хуæдбарæ æма æрмæстдæр Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланы Конституций дæлбарæ.

Статья 95. 1. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланы Конституцион цæстæдарди комитет Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланы Парламенти, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланы Хецауади домæнтæмæ гæсгæ æма ма, закъон ку амона, уæд кæнуй хатдзæгтæ æма хæссуй унаффитæ, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланы Конституцимæ гæсгæ æнцæ æви нæ, уой туххæй:

Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланы закъонтæ, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланы Парламенти унаффитæ, нормативон медес кæмæн ес, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланы Президенты йеци указтæ æма бардзурдтæ;

нормативон медес кæмæн ес, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланы Хецауади йеци унаффитæ æма бардзурдтæ;

нормативон медес кæмæн ес, министрадти, паддзахадон комитетти, иннæ паддзахадон органти æма æхсæнадон еугæндти акттæ, уони хæццæ, Республикæ Цæгат Ирыстонмæ—Аланимæ ка хауй, федералон министрадти æма ведомствити йеци нормативон барадон акттæ дæр;

нормативон медес кæмæн ес, бунæттон хеунаффæйади йеци акттæ, æ тухи ка нæ бацудæй, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланы йеци бадзурдтæ.

2. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланы Парламент ци закъонтæ æма æндæр нормативон-барадон акттæ рахаста, йетæ, Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланы Президенты йеци указтæ æма амунддзийнæдтæ Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланы

конституцимæ гæсгæ нæ æнцæ, уой туххæй Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Конституцион цæстæдарди комитети хатдзæг æрвист цæуй кепæ Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламентмæ æма Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Президентмæ, ци ихæлдтитæ уагъд æрцудæй, уони раеуварс кæнуни туххæй.

3. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Хецауади, министрадти, паддзахадон комитетти, паддзахадон хецаудзийнади иннæ оргæнти æма æхсæнадон еугæндти акттæ Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Конституцимæ гæсгæ нæ 'нцæ, зæгъгæ, Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Конституцион цæстæдарди комитет уæхæн хатдзæг ку рахæсса, уæд йеци актти кенæ сæ хецæн уагæвæрдти тухæ нæбал фæууй.

Статья 96. Æ бартæмæ гæсгæ Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Конституцион цæстæдарди комитети сконд хатдзæгтæ Республикæ Цæгат Иристони—Аланий еугур территорибæл æнæмæнгæ æнцæ æнхæстгæнгæ.

Статья 97. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Конституцион цæстæдарди комитети архайди арæзт æма фæткæ амонуй конституцион закъон.

8 сæргонд. **Тæрхондони хецаудзийнадæ**

Статья 98. 1. Рæсттæрхон Республикæ Цæгат Иристони—Аланий кæнуй æрмæстдæр тæрхондонæ.

2. Тæрхони хецаудзийнадæ æнхæстгонд цæуй арбитражон, граждайнаг, административон æма уголовон æгъдауæй æвзаруни фæрци.

3. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий тæрхони арæзтадæ æма тæрхон аразуни фарстатæ амонунцæ Уæрæсей Федераций Конституци, Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Конституци, федералон æма республикон закъонтæ.

4. Нæййес сæрмагонд тæрхондæнттæ аразæн.

Статья 99. Тæрхонгæнгутæй ун сæ бон æй Республикæ Цæгат Иристони—Аланий граждæнтæн, кæцитæбæл исæнхæст æй 25 анзи, ес сæмæ уæлдæр юридикон ахургонддзийнадæ æма 5 анземæй уæлæмæ кусти стаж юридикон дæсниадæбæл. Закъони бон æй тæрхонгæнгутæмæ уæлæмхасæн домæнтæ æрæвæрун.

Статья 100. 1. Тæрхонгæнгутæ, тæрхон кæнгæй, æнцæ хуæдбарæ æма æнцæ æрмæстдæр закъони дæлбарæ.

2. Трхонгæнгутæ æнцæ æнæййевгæ. Тæрхонгæнæги бартæн кæрон искæнун кенæ бауорамæн ес, закъон ке амонуй, æрмæстдæр уæхæн фæткæмæ гæсгæ.

3. Тæрхонгæнгутæмæ æвналæн нæййес. Тæрхонгæнæгæй уголовон æгъдауæй бæрнондзийнадæ бадомæн ес, федералон закъон ци фæткæ æма æфсæнттæ амонуй, æрмæстдæр уонæмæ гæсгæ.

Статья 101. 1. Гъуддæгтæ еугур тæрхондæнтти дæр цæунцæ æргомæй æвзурст. Гъуддагмæ æхгæд æмбурди игъосæн ес, закъон кæд фæййамонуй, уæд.

2. Тæрхондæнтти гъуддæгтæмæ фæсаууонмæ кæсæн нæййес, закъон кæд фæййамонуй, уæдæй фæстæмæ.

3. Тæрхондони гъуддæгтæ æвзурст цæунцæ дууети ерис æма æмбаради бундорбæл.

4. Закъон кæд амонуй, уæд тæрхони гъуддæгтæ æвзурст цæунцæ, тæрхонгæнæг ка нæй, уæхæн адæймæгтæ си архайунцæ, уотемæй.

Статья 102. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Сæйраг тæрхондонæ æй уæлдæр тæрхони оргæн, граждайпаг, уголовон, административон æма еумæйаг юрисдикций тæрхондæнттæмæ хауæг æндæр гъуддæгтæмæ гæсгæ, федералон закъон ци процессуалон хузтæ амонуй, уонæмæ гæсгæ тæрхони уагæй æ цæстæ даруй Республикæ Цæгат Иристони—Аланий районти (горæтти) æма æндæр тæрхондæнтти архайдмæ.

Статья 103. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Арбитражон тæрхондонæ æй тæрхондони оргæн экономикон буцæутæ æма, арбитражон тæрхондæнттæмæ ка хауй, æндæр уæхæн гъуддæгтæ лух кæнуни фæдбæл.

Статья 104. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий тæрхондæнтти тæрхонгæнгути нисан кæнуй Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламент Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Президенти бавдистмæ гæсгæ.

9 сæргонд. **Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Прокуратурæ**

Статья 105. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий территорибæл закъонтæ куд æнхæстгонд цунцæ, уомæ æ цæстæ даруй Уæрæсей Федераций Прокуратурæмæ хауæг Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Прокуратурæ.

Статья 106. 1. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий прокурори 5 анзей æмгъудмæ бунати æвæруй, бунатæй æй уæгъдæ кæнуй Уæрæсей Федераций Генералон прокурор, Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламент арази ку уа, уæд.

2. Дæлдæрлæууæг прокурорти нисан кæнуй Уæрæсей Федераций Генералон прокурор 5 анзей æмгъудмæ, æнцæ уой æма Республикæ Цæгат Иристони—Аланий прокурори дæлбарæ æма сæ рази дзуапдæтгутæ.

Статья 107. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий прокуратури оргæнтæ сæ бартæ æнхæст кæнунцæ кæцифæнди бунæттон оргæнтæй дæр хуæдбарæ уогæй, федералон закъонтæмæ гæсгæ.

10 сæргонд. Бунæттон хеунаффæйадæ

Статья 108. 1. Бунæттон хеунаффæйадæ Республикæ Цæгат Иристони—Аланий конд цæуй уотæ, цæмæй адæм медбæсти фарстатæ лух кæнонцæ хебарæй, уонцæ муниципалон есбони хецау, уомæн унафгæр, пайда си кæнонцæ.

2. Бунæттон хеунаффæйадæ граждæнтæ кæнунцæ еугурадæмон гъæлæс кæнуни фæрци, æвзурстити, фæндæ комкоммæ зæгъуни æндæр хузти, бунæттон хеунаффæйади æвзаргæ æма æндæр оргæнти фæрци.

Статья 109. Бунæттон хеунаффæйадæ æнхæстгонд цæуй горæтти, гъæути æма æндæр территоритæбæл, историон æма бунæттон æндæр æгъдæуттæ зæрдæбæл даргæй.

Статья 110. 1. Бунæттон хеунаффæйади оргæнтæ хуæдбарæй унаффæ кæнунцæ муниципалон есбонæн, аразунцæ, федар æма æнхæст кæнунцæ бунæттон бюджет, æвæрунцæ бунæттон хъалонтæ æма феддонтæ, гъæуай кæнунцæ æхсæнадон æгъдау, уæдта ма лух кæнунцæ æндæр бунæттон фарстатæ.

2. Бунæттон хеунаффæйади оргæнтæн закъони бон æй дæттун хецæн паддзахадон бартæ, се 'нхæст кæнунæн гъæугæ материалон æма æхцай фæрæзнитæ ратгæй. Ци бартæ лæвæрд ес, уони æнхæст кæнун бæрæг кæнуй паддзахадæ.

Статья 111. Бунæттон хеунаффæйадæн Республикæ Цæгат Иристони—Аланий федар зæрдæдарæнтæ æнцæ тæрхони уагæй гъæуай кæнун, паддзахадон хецаудзийнади оргæнтæ ин ци унаффитæ рахастонцæ, уонæмæ гæсгæ исæвзурæг уæлæмхасæн хæрзтæ син федун, Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Конституци æма сæ тухи ка 'й, йеци республикон закъонтæ бунæттон хеунаффæйадæн ци бартæ равардтонцæ, уони минкъийдæр кæнун нæ уадзун.

ДУККАГ ХАЙ

Кæронбæттæн æма хезæн уагæвæрдтæ

1. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Конституци æ тухи цæуй официалон æгъдауæй æ ниммухури бонæй фæстæмæ. Йеци еу рæстæг æ тухи нæбал уодзæнæй Республикæ Цæгат Иристони—Аланий 1978 анзи 30 майи исфедаргонд Конституци (Сæй-

раг Закъон) æ фестæдæри æййивддзийнæдтæ æма бафтауйнæгти хæццæ.

2. Аци Конституци æ тухи цалинмæ бацудæй, уæдмæ Республикæ Цæгат Иристони—Аланий территорибæл сæ тухи ка адтæй, Республикæ Цæгат Иристони—Аланий йеци закъонтæ æма иннæ барадон акттæй пайдагонд цæуй, Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Конституций нихмæ кæми нæ лæууыцæ, йеци хæйттæй.

3. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Президент Конституци æ тухи бацæуни бонæй фæстæмæ æнхæст кæнуй, йе ци бартæ исæвардта, уони, æвзурст ци æмгъудæн æрцудæй, уой фæууни уæнгæ.

4. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламенти куст райдайуни размæ Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Сæйраг Совет æнхæст кæнуй Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламенти бартæ æма ихæстæ.

5. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Конституцион цæстæдарди комитет, аци Конституци æ тухи ци бон бацæуа, уæдæй фæстæмæ æнхæст кæнуй, ци бартæ ин лæвæрд адтæй, уони, æвзурст ци æмгъудæн æрцудæй, уой фæууни уæнгæ.

6. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Хецауадæ, аци Конституци æ тухи ци бон бацæуа, уомæй фæстæмæ есуй, Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Конституци ке нисан кæнуй, йеци бартæ, ихæстæ æма бæрнондзийнадæ.

7. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Конституци æ тухи ку бацæуа, уой фæсте Республикæ Цæгат Иристони—Аланий еугур тæрхондæнтти тæрхонгæнгутæн дæр изайунцæ сæ бартæ, æвзурст ци æмгъудæн адтæнцæ, уой фæууни уæнгæ.

СОДЕРЖАНИЕ

Раздел первый

Глава 1. Основы конституционного строя 3
Глава 2. Права и свободы человека и гражданина 6
Глава 3. Государственное и административно-территориальное устройство Республики Северная Осетия—Алания . . 14
Глава 4. Парламент Республики Северная Осетия—Алания . . 16
Глава 5. Президент Республики Северная Осетия—Алания . . 21
Глава 6. Правительство Республики Северная Осетия—Алания . 25
Глава 7. Комитет конституционного надзора Республики Северная Осетия—Алания 27
Глава 8. Судебная власть 29
Глава 9. Прокуратура Республики Северная Осетия—Алания . . 30
Глава 10. Местное самоуправление . . . . . —

Раздел второй

Заключительные и переходные положения 31

СÆРГÆНДТÆ

Фыццаг хай

1 сæргонд. Конституцион цардарæзты бындуртæ 35
2 сæргонд. Адæймаджы æмæ гражданины бартæ æмæ сæрибарадтæ 38
3 сæргонд. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы паддзахадон æмæ административон-территорион арæзт 46
4 сæргонд. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Парламент . . 48
5 сæргонд. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Президент . 53
6 сæргонд. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Хицауад . . 57
7 сæргонд. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Конституцион цæстдарды комитет 59
8 сæргонд. Тæрхондоны хицаудзинад 60
9 сæргонд. Республикæ Цæгат Ирыстоны—Аланийы Прокуратурæ . 62
10 сæргонд. Бынæттон хиуынаффæйад . . . . . —

Дыккаг хай

Кæронбæттæн æмæ хизæн уагæвæрдтæ 63

СÆРГÆНДТÆ

Фиццаг хай

1 сæргонд. Конституцион цардарæзти бундортæ 66
2 сæргонд. Адæймаги æмæ гражданини бартæ æмæ сæребарæдтæ . 69
3 сæргонд. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий паддзахадон æма административон-территорион арæзт 77
4 сæргонд. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Парламент . . 79
5 сæргонд. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Президент . . 84
6 сæргонд. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Хецауадæ . . 88
7 сæргонд. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Конституцион цæстæдарди комитет 90
8 сæргонд. Тæрхондонц хецаудзийнадæ 91
9 сæргонд. Республикæ Цæгат Иристони—Аланий Прокуратуræ . 92
10 сæргонд. Бунæттон хеунаффæйадæ 93

Дуккай хай

Кæронбæттæн æма хезæн уагæвæрдтæ 93

Сдано в набор 12.01.95. Подписано к печати 25.01.95. Бум. тип. Формат бум. 60x84$^{1}/_{16}$. Печать высокая. Усл. печ. л. 5,58. Тираж 5000.
Госкомиздат РСО—Алания Г. П. П. «Рухс».
362015, РСО—Алания, г. Владикавказ, пр. Коста, 11.